ЗауэлIхэм я гъуэгуанэ зэмыщхьхэр

2-нэ нап.

Университетыр къыхызох

3-нэ нап.

Къытхуэнащ и гуащIэр

4-нэ нап.

УафэхъуэпскIыу яхыхьащ Имран

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№58 (24.964) • 2026 гъэм накъыгъэм (майм) и 14, махуэку • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ



ФIагъым темыплъэкъукIыу

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек республикэм и Правительствэм хэтхэм яIущIащ. Ахэр тепсэлъыхьащ лъэпкъ проектхэмрэ къэрал программэхэмрэ хагъэхьа ухуэныгъэ, зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр зэрекIуэкIым.

«ДЫЗЭРЫТ илъэсым лэжьыгъэшхуэ идогъэкIуэкI, ахэр хэпщIыкIыу нэхъыбэщ нэгъабэ тхузэфIэкIахэм нэхърэ. Лъэпкъ проект къудейкIэ ухуэныгъэ, къэгъэщIэрэщIэжыныгъэ, къызыхуэтыншэу зэгъэпэщыжын, зэIузэпэщ щIын лэжьыгъэхэм къызэщIаубыдэ объекти 150-рэ хуэдиз. Абыхэм ящыщ 20-р къедгъэжьа ухуэныгъэщIэхэщ, - щитхащ республикэм и унафэщIым Максым щиIэ напэкIуэцIым. - Лэжьыгъэхэр щокIуэкI курыт еджапIэхэм, сымаджэщхэм, щэнхабзэ, спорт IуэхущIапIэхэм, гъуэгухэмрэ цIыхухэм я тыншыпIэхэр къыщызэгъэпэща щIыпIэхэмрэ. Ухуэныгъэхэм я нэхъыбэм лэжьыгъэхэм фIыуэ щыхагъэщIащ. Зыхуэфащэ IуэхущIапIэхэм пщэрылъ ящысщIащ къалэнхэр ягъэува пIалъэм къызэритIасэмрэ я фIагъымрэ темыплъэкъукIыу кIэлъыплъыну».

Къалэнхэр мащIэкъым

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Хабзэр къызэгъэпэщынымкIэ зэпымыууэ лажьэ и зэзыгъэуIу зэхуэсым и зэIущIэ иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек. Абы щыхэплъащ экстремизм унэтIыныгъэ зиIэ щIэпхъаджагъэхэм япэщIэтыным, республикэм щыIэ зэпIэзэрыт щытыкIэр къызэпемыгъэудыным пыщIа къалэнхэр зэфIэгъэкIа зэрыхъум.

ЗЭIУЩIЭР зытеухуа Iуэхухэр къызэпкърахыу къэпсэлъащ къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру КъБР-м щыIэ Крючков Вячеслав, къэрал властымрэ щIыпIэ самоуправленэмкIэ органхэм я унафэщIхэр.

Апхуэдэуи и гугъу ящIащ къэрал, муниципальнэ IуэхущIапIэхэм я лэжьакIуэхэу терроризмэм пэщIэтынымрэ ди хабзэхэм щымыщ къыхемыгъэлъхьэнымрэ зи нэIэ щIэтыну зи къалэнхэм я IэщIагъэм хегъэгъэхъуэным пыщIа Iуэхухэм.

Балигъ мыхъуахэм щIэпхъаджагъэхэр ямылэжьын папщIэ зэфIэгъэкIыпхъэхэм, апхуэдэуи ныбжьыщIэхэм яхуэгъэзауэ хабзэр къыщызэпауд къэмыгъэхъуным хуэгъэзауэ зэфIагъэкIхэми щхьэхуэу тепсэлъыхьащ. Псом япэрауэ, апхуэдэ мыхъумыщIагъэхэр ялэжь хъыбарегъащIэ технологиехэр къагъэсэбэпурэ.

Гулъытэ хэха зыгъуэтахэм ящыщщ лъэпкъ проектхэр щагъэзащIэкIэ хабзэр къызэпемыгъэудыным, апхуэдэхэр къэхъумэ, ахэр зылэжьахэр къыщIэгъэщэным ехьэлIа къалэнхэр.

ЗэIущIэм зи гугъу щащIахэм япкъ иткIэ зыхуэфащэ IэнатIэхэм пщэрылъ щащIащ а унэтIыныгъэхэм зэгъусэу я нэIэ трагъэтыну.

Лъэпкъ куэдыр къару лъэщщ

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щекIуэкIащ «Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэр: дызэрызэхуэмыдэм къыщыщIэдзауэ къэкIуэнум и къарум нэс» щIэныгъэ-практикэ конференцыр. Зэрыгуры1уэгъуэщи, зэхыхьэр зытеухуар 2026 гъэр Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсу зэрагъэуварщ. Iуэхум хэтащ студентхэр, егъэджакIуэхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр, ахэр тепсэлъыхьащ лъэпкъ зэгурыIуэныгъэмрэ граждан зэкъуэтыныгъэмрэ ехьэлIа Iуэхугъуэхэм.

КъБКъУ-м щIалэгъуалэ политикэмкIэ, гъэсэныгъэ лэжьыгъэмрэ социальнэ IуэхухэмкIэ и проректор Нэзрэн Беслъэн къыхигъэщхьэхукIащ къэралым зиужьынымкIэ а Iуэхухэм мыхьэнэшхуэ зэраIэр, псом хуэмыдэу иджыпсту щыIэ щытыкIэм елъытамэ, гулъытэшхуэ зэрыхуэщIыпхъэр.

«Хэкум лъэпкъ зэгурыIуэныгъэ илъыныр къэрал къалэнкъым, атIэ дэ махуэ къэс дызэлэжьын хуей Iуэхугъуэщ, дэтхэнэ зы цIыхуми абыкIэ жэуап ихьу. Дэ щапхъэу дгъэлъэгъуэн хуейщ лъэпкъ куэд щызэбгъэдэсым деж къару лъэщ зэрыхъур, абыхэм я зэхуаку дэлъ пщIэмрэ зэгурыIуэмрэ псоми я зэхуэдэ къэкIуэнум лъабжьэ зэрыхуэхъур», - жиIащ Беслъэн. ИкIи дыщIигъуащ конференцыр жэрдэмыщIэхэм щIэдзапIэ яхуэхъуну зэрыщыгугъыр.

Урыс тхыдэмрэ щэнхабзэмкIэ «Вече» зэгухьэныгъэм и унафэщI Литвинов Роман Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIалэгъуалэм, Урысей псом ис ныбжьыщIэхэми хуэдэу, къэралым и къэкIуэнумкIэ жэуаплыныгъэр я пщэ далъхьэжыну зэрыхьэзырым шэч къызэрытримыхьэр жиIащ. Абы къыхигъэщащ а жэуаплыныгъэр хабзэхэм пщIэ зэрыхуащIымкIэ, жылагъуэ гъащIэм жыджэру зэрыхэтымкIэ, щIэуэ зыгуэр щIыным, ухуэным зэрыхущIэкъумкIэ къызэрагъэлъэгъуэфынур.

«Къэбэрдей-Балъкъэрым, Урысей псом я щIэблэщIэр къэкIуэнум пэплъэ къудей мыхъуу, блэкIам хуэсакъыу зэрыпыщIар долъагъу. Ар ехъулIэныгъэм и шэсыпIэщ. ЩIалэгъуалэм къагуроIуэ къэрал лъэщым и къэкIуэнур я къежьапIэр зэрахъумэм, пщIэ зэрыхуащIым зэрытещIыхьар, щалъхуа щIыналъэмрэ къэрал псомрэ зегъэужьыным я къару халъхьэну зэрыхьэзырыр», - жиIащ Литвинов Роман.

Конференцыр сессие жыпхъэм иту екIуэкIащ, еджапIэ нэхъыщхьэм и щIэныгъэ клубхэмрэ зэгухьэныгъэхэмрэ я студентхэм IэщIагъэлIхэм я нэIэ щIэту грант зэпеуэхэм зэрыхэтыну проектхэр зэхалъхьащ. Модератор, КъБКъУ-м Гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и управленэм и унафэщI Джэрыджэ Залинэ гулъытэ хуищIащ, ауэ сытми тепсэлъыхь къудей мыхъуу, зэкъуэтыныгъэр гъэбыдэнымкIэ студентхэм ящIэфынур зыхуэдизым, абы ехьэлIа хэкIыпIэ пыухыкIахэр къэлъыхъуэн зэрыхуейм.

Конференцым хэта студентхэм къыхагъэщащ апхуэдэ лэжьэкIэм мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

«Хуабжьу гъэщIэгъуэнт гуп-гупу узэкъуэту узэдэлэжьэну, сэбэпынагъ къэзыхьыфыну Iуэхухэр къэбгупсысыну. Псом хуэмыдэу лъапIэт IэщIагъэлIхэм я Iуэху еплъыкIэм зыщыбгъэгъуэзэну, ди проектхэр къазэрыщыхъум, я ущиехэм уедэIуэну», - къыддэгуэшащ студентхэр.

Конференцым къигъэлъэгъуащ зэкъуэтыныгъэр Iуэху щхьэпэхэмрэ жэрдэмхэмрэ я Iэужьу зэрыщытыр. ЩIалэгъуалэм Iуэху еплъыкIэ гъэщIэгъуэнхэмрэ бгъэдыхьэкIэщIэхэмрэ къагъэлъагъуэри, зэхъуэкIыныгъэфIхэм дыхуэзышэ къару зэрыхъуфынур, Урысейр нэхъри нэхъ лъэщ зэращIыфынур щIагъэбыдащ.

ДАРИЙ Дахэнур.

Уасэ зимыIэ махуипщI зекIуэ

Москва къикIыу Кавказ Ищхъэрэм къакIуэ «Жемчужина Кавказа» мафIэгу зэгъэпэщар, «шэрхъ зыщIэт хьэщIэщкIэ» зэджэр, Налшык къэсащ икIи хьэщIэхэм ди лъахэм зыщаплъыхьащ. Ахэр кърагъэблэгъащ университетым и къэфакIуэ гупым. Адыгэ макъамэ дахэмрэ фащэкIэ зэщыхуэпыкIа щIалэгъуалэмрэ щалъагъум, иджы япэу ди щIыналъэм къэкIуа нэгъунэ, утыку къихьэну тегушхуащ. Лэкъум пщтыр, къалмыкъ шей, кхъуей хуэдэхэм хагъэIэбэри, зэраубзыхуам тету, зы гъатхэ махуэ щIэращIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэкIуащ.

ЖЭЩИПЩI-махуипщIым къриубыдэу а зы мафIэгум ису Урысейм и къалэ зэмылIэужьыгъуэхэм зыщагъэпсэху, зыщаплъыхь, нэхъыщхьэращи, Кавказыр зрагъэцIыху апхуэдэ гупыж зиIэхэм. Мы гъэм ар мэлыжьыхьым и 27-м къежьащ, Налшык накъыгъэм и пэщIэдзэм къэсащ.

«Жемчужина Кавказа» мафIэгу-хьэщIэщым и гъуэгум хэтщ адыгэ зэрыс хэгъэгухэри. Ар Москва къыщожьэри, Воронеж, Тэн Iуфэ Iус Ростов, Черкесск, Мейкъуапэ, Владикавказ, Грознэ, Дербент е Мэхъэчкъалэ, Налшык, къызэхекIухьри, РостовкIэ Москва егъэзэж. Зыплъыхьыныр къыщыщIэбдзэ хъунущ Воронеж е Ростов деж укъыщитIысхьэуи.

Сыт Кавказыр зищIысыр мы щIыпIэм щымыщхэм я дежкIэ? Ар бгыхэрщ, цIыхухэрщ, щIыуэпс гуакIуэрщ.

Ар уигуми уи псэми зыщагъэпсэху щIыпIэщ, къахуеблагъэр ижь-ижьыж лъандэрэ къадекIуэкI хабзэжьхэмкIэ ягъэхьэщIэу. А мафIэгум уисыху нэгум къыщIидзэ дахагъэр сыт и уасэ?! МахуипщIкIэ зыгъэпсэхуакIуэхэм ялъагъу тафэ удзыпцIэхэр, уэсыщхьэ бгыхэр, псыкъелъэ уэрхэр, хуей удзыфэхэр, кавказ къуакIэхэр, нэгъуэщI куэди. Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэмрэ хабзэмрэ а махуэхэм зыщагъэгъуазэ, гурыфIыгъуэрэ дэрэжэгъуэрэ къахэзылъхьэ къару нэрымылъагъукIэ загъэнщI.

МафIэгур жэщым гъуэгу тетщ, махуэм зи гугъу тщIа къалэхэм къыщоувыIэ. Зыгъэпсэхуак1уэхэр пщэдджыжьым мафIэгум къикIыурэ, хэгъэгухэм я щIыпIэ нэхъ дахэхэм жэщ хъуху зыщрагъэплъыхь.

ХьэщIэхэм пщэдджыжьышхэ ирагъэщI. ИтIанэ автобускIэ кърашэкI.

Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщызэтеувыIа хьэщIэхэм ялъэгъуащ Европэм щынэхъ лъагэ дыдэ бгыр - Iуащхьэмахуэ. ЗыплъыхьакIуэхэр Азау станцым яшэри, Гара-Баши нэс кIапсэ гъуэгукIэ драшеящ, ди бгыхэм я дахагъыр ирагъэлъэгъуащ, адыгэ, балъкъэр шхыныгъуэхэр Iуагъэхуащ. Шэджэм псыкъелъэхэм, Гуэл щхъуантIэхэм щыIащ. Налшык къагъэзэжа нэужь, «Акрополь» щэнхабзэ центрым лъэпкъ шхыныгъуэхэмкIэ пщыхьэщхьэшхэ щрагъэщIри, мафIэгум ирагъэтIысхьэжащ. Мы проектым хиубыдэу зэ къэкIуэгъуэу цIыху 200-м щIигъу къокIуэ ди республикэм.

Къэбгъэлъагъуэмэ, адыгей программэм хагъэхьащ щIыналъэм и тхыдэм, хабзэм, лъэпкъ шхыныгъуэхэм щыгъуазэ ухуэзыщI Iэхугъуэхэр. ХьэщIэхэм Лагъуэ-Накъэ бгыщхьэ тафэр ирагъэлъагъу, бгылъэ пщэфIапIэм фо, кхъуей щрагъэшх, узыншагъэм дежкIэ сэбэп удзхэм къыщIэвыкIа шей щрагъафэ, Рыфыбг псыкъелъэхэм яшэ, «Акватермо», «Водная ривьера», «Псыкъупс» псы хущхъуэ къыщIэжыпIэхэр ирагъэлъагъу.

Мейкъуапэ пщыхьэщхьэм кърашэлIэжри, адыгэ ерыскъыхэмкIэ рестораным щагъашхэ, щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм къафэ, уэрэдхэр хьэщIэхэм я пащхьэ щагъэзащIэ. ИтIанэ, дыщэкI цIэрыIуэ Еутых Iэсият и Дыщэ уардэунэм яшэри, абы и IэдакъэщIхэм ирагъэплъ, илъэс мини 5 лъандэрэ адыгэм къыдэгъуэгурыкIуэ щэнхабзэм, IэпщIэлъапщIагъэм щагъэгъуазэ.

Владикавказ къыщыувыIа нэужь, зыплъыхьакIуэхэр япэщIыкIэ Геналдон псыхъуэм яшэ, абы щыкIуэкIэ артист, режиссер цIэрыIуэ Бодров Сергейрэ и гупымрэ щыхэкIуэда щIыпIэр ирагъэлъагъу, Гизельдон хуейм хиубыдэ Дыргъыпс кхъуэлъахэм, итIанэ «Башня Курта и Тага» археологие комплексым яшэ, шэджагъуашхэр бгыщхьэм щащI.

А зы махуэм къриубыдэу хьэщIэхэм ялъагъу Куртат аузыр, Кадаргаван жьанэр, Дзивгис быдапIэр, Цимити бгылъэ къуажэ цIыкIум дэт музейр. Владикавказ къагъэзэжа нэужь, «алан пшыхь» зыфIаща пщыхьэщхьэр, шхынымрэ къафэджэгумрэ щыкуэду, ирагъэкIуэкI.

Грознэм къыщикIахэм «Грозный-Сити» унэ зэхэтым зыщаплъыхь, «Шэшэным игу» мэжджытыр, къалэм и нэгъуэщI щIыпIэ дахэхэр зрагъэлъагъу, шэджагъуэ нэужьым бгылъэ нэгузегъэужьыпIэхэм яшэ: Нихалой псыкъелъэхэр, Ушкалой быдапIэхэр, Пхакоч лъэпкъ комплексыр. «Ведучи» бгы-лыжэ зыгъэпсэхупIэм шэджагъуашхэ щащI. Грознэм дэт рестораным пщыхьэщхьшхэ щащI, къалэр жэщым дахэу зэрызэщIэблэр, псыутх иныр ирагъэлъагъури, адэкIэ гъуэгу тохьэж.

ЗыгъэпсэхуакIуэ Кавказым къежьахэр «щопсых» Дербент, а къалэжьыр, Нарын-Къалэ хуэдэ щIыпIэ цIэрыIуэхэр ирагъэлъагъу.

МахуэщIэ къэс къалэщIэ укъыщикIыу укъезышэкI мафIэгу-хьэщIэщым тыншу уисын папщIэ узыхуей псори хэтщ. Вагонхэр я фIагъ елъытауэ зэщхьэщокIри, узыхуейр къыхыбох, уеблэмэ уи закъуэу узыщIэлъ пэш иIэщ, езым и зыгъэпскIыпIи хэтыжу. Абы къищынэмыщIауэ, мафIэгум хэтщ вагон-ресторан, вагон-бар, вагон-зыгъэпскIыпIэ.

Узыхуей тIысыпIэм елъытауэ уасэхэри зэщхьэщокI. Билетым хохьэ гъущI гъуэгупщIэр, экскурсие узышэ транспортым и уасэр, зыплъыхьыпIэхэм щIат пщIэр, мафIэгум щыпщI пщэдджыжьышхэмрэ къалэм шэджагъуэм узэрыщышхэмрэ ятехуэ уасэр.

Урысейм и Ипщэ, Ищхъэрэ щIыналъэхэм я дахагъымрэ щыпсэу лъэпкъхэм я хьэщIэ егъэблэгъэкIэм и беягъымрэ къриипщIэну, уи хэку уи нэгу зыщебгъэужьыну Iэмал гъуэзэджэщ «Урысейм и ГъущI гъуэгухэм» къызэригъэпэща зекIуэ телъыджэр. Тыншу икIи гъэщIэгъуэн куэдкIэ псыхьауэ екIуэкI зыгъэпсэхугъуэ махуипщIыр цIыхум и гъащIэм нэхъ дахэ дыдэу хэта махуэхэм ящыщу къызэрыхэнэм шэч хэлъкъым. Урысейм ис лъэпкъхэмрэ ахэр щыпсэу хэгъэгухэмрэ зэбгъэцIыхунымкIэ Iэмал гъуэзэджэщ ар.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

Кинофестивалыр Налшык щрагъажьэ

Налшык, Гъуазджэхэмк1э Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым, накъыгъэм и 14-м щыщIэдзауэ 17 пщIондэ щекIуэкIынущ «Кинокавказ-2026» V щIалэгъуалэ кинофестивалыр. Ар къызэригъэпэщащ ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым, УФ-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэр и дэIэпыкъуэгъуу.

ФЕСТИВАЛЫР зи жэрдэмхэм я мурадыр зыхуэунэтIар Урысей Федерацэм щыпсэу лъэпкъхэм я хабзэ дахэхэмрэ щэнхабзэмрэ кином и IэмалхэмкIэ зегъэузэщIынырщ. Урысейм, КИФЩI-м и хэгъэгухэм хыхьэ щIыналъэхэм я кинематографистхэр фестивалым щызэчэнджэщынущ, я зэфIэкI щагъэлъэгъуэнущ.

Кинофестивалым къэрал 16-м (Испаниер, Армениер, Белоруссиер, Къыргъызыр, Къэзахъстаныр, Бразилиер, Италиер, Ираныр, Аргентинэр, Бельгиер, Индиер, Латвиер, Мексикэр, Тыркур, Узбекистаныр, Чилир) я лIыкIуэхэр зэрыхэтынур щыхьэт тохъуэр Iуэхум кIуэ пэтми зэрызиубгъум. Урысейм щыщу щIыналъэ 65-м я лIыкIуэ щыIэнущ, Камчаткэм щыщIэдзауэ Калининград нэс къызэщIиубыдэу. Абы къагъэхьа лэжьыгъэхэр зытеухуа и лъэныкъуэкIи зыщыщ жанрыкIи зэщхьэщокI. Абыхэм къызэщIаубыдэ драмэ, триллер, дзэ кино, тхыдэ, биографие, анимацэ, фэнтези, таурыхъ, макъамэ фильмхэр, щIэныгъэ, егъэджэныгъэ нэтынхэр, гъэунэхуныгъэ документалистикэр, социальнэ рекламэр. Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым къыбгъэдэкIыу лэжьыгъэ 40 Iэрыхьащ къызэгъэпэщакIуэ комитетым.

КъэпщытакIуэхэм яубзыхуащ фестивалым хыхьэу ирагъэкIуэкIыну Iуэхухэр. Абыхэм хохьэ мастер-классхэр, пресс-конференцхэр, зэпсэлъэныгъэхэр, экспертхэм, кинематографистхэм, артистхэм я зэIущIэхэр. Кинофестивалыр къыщызэIуахкIэ, накъыгъэм и 14-м ягъэлъэгъуэнущ Колиев Анатолэ и «Семь чёрных бумаг» фильмыр икIи абы хэта артистхэм щыIущIэнущ. Зэхыхьэхэм хэтынущ Урысейм, КИФЩI-м и щIыналъэхэм я режиссёр, сценарист, продюсер, артист цIэрыIуэхэр. Апхуэдэщ УФ-м и цIыхубэ артистхэу Хотиненкэ Владимир (Москва), Соколов Андрей (Москва), УФ-м и Кинематографистхэм я зэгухьэныгъэм и ЩIалэгъуалэ центрым фестиваль унэтIыныгъэмкIэ и унафэщI, актёр, продюсер, оператор, кинорежиссёр Симухин Антон (Москва), урыс киновед, сценарист Яковлевэ Татьянэ (Москва), анимацэ проектхэм я арт-унафэщI, художник Метельский Станислав (Москва), тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат, документальнэ кинохэм я продюсер Кочеляевэ Нинэ (Москва), тхакIуэ, сценарист, литературнэ редактор Чекмаев Сергей (Москва), режиссёр, сценарист, урыс, хамэ къэрал саугъэтхэм я лауреат Калинин Виталий (Москва), режиссёр, актёр, сценарист, продюсер Мармонтов Андрей (Москва), режиссёр, сценарист, УФ-м и Кинематографистхэм я союзым и режиссёрхэм я Гильдием хэт Битаровэ Ангелинэ (Осетие Ищхъэрэ-Алание), кинорежиссёр, сценарист Эфендиев Гаджимурад (Дагъыстэн), нэгъуэщIхэри.

Урысейм и кинематографист нэхъыфIхэм я дерсхэр, дауи, къахуэщхьэпэнущ зэфIэкI зиIэ режиссёр щIалэхэмрэ а IэщIагъэм хуеджэхэмрэ. Ар IэмалыфIщ кинематографиемкIэ зи щIэныгъэм хэзыгъэхъуэну, иджырей Iуэху зэIумыбзхэм теухуа я гупсысэхэр къыщыгъэлъэгъуа лэжьыгъэхэр цIыхубэм я деж нэзыхьэсыну, зи IуэхущIафэм нэхъри зезыгъэужьыну зи мурад щIалэгъуалэм я дежкIэ.

Фестивалым дэлажьэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм ящыщщ ТАСС агентствэм и «Это Кавказ» хъыбарегъащIэ мультимедие порталыр, «Кабардино-Балкария» республикэ хъыбарегъащIэ агентствэр. Фестивалым къыкъуэтщ УФ-м и Кинематографистхэм я зэгухьэныгъэр, фильмхэмрэ кинофестивалхэмрэ зыгъэкIуатэ IуэхущIапIэр, фильмхэр къэзыт IуэхущIапIэр, кинофестивалхэм фильмхэмрэ сценарийхэмрэ езыгъэхь «Наши фестивали» IуэхущIапIэр, ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым и «Арт-Идея» центрыр, нэгъуэщIхэри.

Кинофестивалым хэтхэмрэ абы къекIуэлIахэмрэ я нэгу зрагъэужьынущ республикэм и къэфакIуэ, уэрэджыIакIуэ нэхъыфIхэм. Балъкъэр Ипщэ къуажэм накъыгъэм и 16-м щагъэлъэпIэнущ къыхэжаныкIахэр. ЗэIущIэм еплъыну гупыж зыщIхэм Iэмал яIэщ пщIэншэу абы хэтыну.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

«Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм папщIэ

ПщIэ зыхуэтщI щIэджыкIакIуэ лъапIэхэ! 2026 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм ди газетыр зыIэрыхьэну хуейхэм абы щытрадзэну пIалъэр къызэIуахащ.

Ди ныбжьэгъу пэжу адэкIи фыкъэнэну, дунеймрэ лъэпкъымрэ ехьэлIа Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм анэдэлъхубзэмкIэ къыдэкI газет закъуэмкIэ зыщывгъэгъуэзэным къыпыфщэну фыхуеймэ, «Адыгэ псалъэм» мазихым и уасэщ:

унэм ныфхуахьынумэ - сом 1130-рэ кIэпIейкIэ 82-рэ;

фэ езым поштым къыщеIыфхыжынумэ - сом 1032-рэ кIэпIейкIэ 18-рэ.

«Адыгэ псалъэм» щытевдзэ хъунущ КъБР-м пошт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм и IуэхущIапIэ псоми. Ди газетым Iэ тедзэным феужьэрэкIыну, иужь дыдэ махуэхэм нэвмыгъэсыну фыкъыхудоджэ.

Ди индексыр П5894

Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщIэтыным теухуауэ пIащIэгъуэкIэ цIыхухэр здэпсалъэ хъун телефонхэр: **8(8662) 40-89-70, 40-34-32**.

ТекIуэныгъэ Иным и сэлэтхэр

ЗауэлIхэм я гъуэгуанэ зэмыщхьхэр

Хэку зауэшхуэм цIыхухэм щалъэгъуа гуауэр шэчыгъуафIэ зыщIыр абыхэм я псэр зыщIата мамыр гъащIэм нобэ щIэблэр зэрыщыгуфIыкIырщ. ТекIуэныгъэм и махуэм ирихьэлIэу дигу къэдгъэкIыжыну дыхуейщ зауэшхуэм лIыгъэ щызезыхьа ди лъэпкъэгъухэм ящыщ зыбжанэ. Абыхэм я натIэ хъуар зэмыщхьщ. Хэти лIыгъэ зэрихьауэ къэкIуэжри, дунейм гу щихуащ, хэти хъыбарыншэу кIуэдащ, хэти ныкъуэдыкъуэ щыхъуащ, хэкIуэдахэм я бжыгъэри мащIэкъым.

СОКЪУР Аскэрбий ТIэмашэ и къуэр 1940 гъэм жэпуэгъуэм и 6-м Ленинград къулыкъу щищIэну ираджат. Ар яхэхуат Энгельс и цIэр зезыхьэ дзэ-политикэ училищэм и комендант взводым. Хэку зауэшхуэр къехъейри, 1941 гъэм и бадзэуэгъуэм училищэр Шуя къалэм ягъэIэпхъуащ. МазихкIэ абы щагъэхьэзыращ командир полит-лэжьакIуэ нэхъыщIэхэр. Училищэм и комендант взводыр, цIыху 21-рэ зыхэтыр, Ленинград къэнащ училищэр яхъумэну. 1941 гъэм и шыщхьэуIум Сокъур Аскэрбий зыхэта 2-нэ полкыр Ленинград яхъумэну Пулковск лъагапIэм ягъэкIуащ. РККА-м къулыкъу зэрыщищIар къалъытэри, 3-нэ разведбатым и тIасхъэщIэххэм хагъэхьащ. ИужькIэ абы къулыкъу щищIащ 42-нэ армэм и 13-нэ дивизэм и 296-нэ фочауэ полкым.

Зауэм хэтыху лагъым къауэхэм фэбжь зыбжанэ хихащ Аскэрбий, ныкъуэдыкъуэ хъури, илъэс 22-м иту и унэ къагъэкIуэжащ.

Жэмтхьэлэ къигъэзэжа нэужь, Аскэрбий къуажэ Советым и секретарь лэжьыгъэм пэрыуващ. Ауэ зауэр къэсащ зыщалъхуа лъахэми. 1942 гъэм жэпуэгъуэм и 28-м щегъэжьауэ 1943 гъэм щIышылэм и 1 пщIондэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр нэмыцэ-фашистыдзэм яубыдауэ щытащ. 1943 гъэм щIышылэм и пэм бийр ирахужьэжащ. Совет властымрэ къэрал IуэхущIапIэхэмрэ зэтрагъэувэжа нэужь, си адэми пищэжащ лэжьыгъэм. Иджыри илъэсиблкIэ пэрытащ ар IэнатIэм. А лъэхъэнэм лэжьыгъэри куэдт икIи хьэлъэт: къуажэдэсхэм, жэщ-махуэ ямыIэу, зауэм зэтрикъута колхозыр зэтрагъэувэжырт, фронтым хьэпшыпхэр ирагъашэрт. «Псори фронтым папщIэ! Псори ТекIуэныгъэм папщIэ!» къыхуеджэныгъэм щIэлъ гупсысэр абыхэм я Iэпщэ лэжьыгъэт.

Зауэр иуха нэужь, 1945 гъэм, Аскэрбий къыхуагъэфэщащ «1941 - 1945 гъэхэм хьэлэлу зэрылэжьам папщIэ» медалыр. ИужькIэ къратащ «Ленинград зэрихъумам папщIэ» медалыр. Абы иIащ къэрал дамыгъэу 14.

И щIалэгъуэм Ленинград зыхъумахэм зэрыхэтам и фэеплъыр игъащIэ псокIэ ихъумащ абы. 1982, 1984, 1986, 1987 гъэхэм Ленинград 42-нэ армэм и 13-нэ дивизэм и 296-нэ полкым и ветеранхэм я зэхуэсхэм щыIащ. 1992 гъэм мэлыжьыхьым и 21-м дунейм ехыжащ.

Жэуапыншэ упщIэхэр

1942 гъэм гъатхэпэм и 13-м зауэм дэкIащ **Гъурыжь Къэралбий Азиз и къуэр**. Абы унэм къыщIинащ зи ныбжь хэкIуэта адэ-анэр, щхьэгъусэр, и щIалиплIыр.

Псыхуабэ тыкуэн щигъэлажьэрти, мылъкуи иIэт. Абы унагъуэм къахуигъэнат езыр къэтыху зыхэпсэукIын гъэтIылъыгъэхэр: шыгъу, дыжьын, фэтыджэн хуэдэхэр. Ди жагъуэ зэрыхъущи, къигъэзэжакъым. Къэралбий и щхьэгъусэ ХьэIишэт зэгуэрым пщIыхьэпIэу илъэгъуащ абы къигъэзэжыну, къуажапщэм деж къыщежьэнуи къелъэIуу. ХьэIишэт ежьащ абы и гъащIэ псокIэ: пщэдджыжьым къызэрыушу, къыдэкIырти, къуажапщэмкIэ плъэрт. Илъэс 95-рэ къигъэщIащ ХьэIишэт, щхьэгъусэм пежьэн и гугъэу къыщымытэджыфар иужьрей махуэрщ. «Дапщэщ Къэралбий зауэм щыдэкIар?», - жыпIэу ХьэIишэт уеупщIамэ, махуэ бжыгъэ нэгъунэ зэтещыпыкIауэ къыбжиIэрт.

Гъурыжь Къэралбий зауэм хъыбарыншэу хэкIуэдахэм хабжащ. Къэралбий и щIалэхэр хуейт адэм и зауэ гъуэгуанэр къащIэну. Письмохэр къикIырт губгъуэ пощт №54 301-м. Иужьрейуэ абы тхыгъэ кIапэ къыщикIар 1943 гъэм и шыщхьэуIурщ.

Дэнэ щызэуа, сыт хуэдэ гуп хэта? Дэнэ деж и псэр щита, дэнэ щыщIалъхьа? А упщIэхэр жэуапыншэщ. Абы и псэр щIитащ ди мамыр гъащIэм, ди къэкIуэнум, Хэкум.

Жэщ-махуэ ямыIэу

Битокъу Мишэ 1942 гъэм фронтым кIуауэ щытащ, и ныбжьыр илъэс 16 фIэкIа мыхъуу, езыр IэмащIэлъэмащIэ цIыкIуу. ЯпэщIыкIэ штабым писару щIагъэтIысхьащ. И ныбжьыр илъэс 19 ирикъуа нэужь, ар зэхэуэхэм хэтащ, Софие (Болгарие) хуит къэзыщIыжахэм ядэзауэу. Зауэр щиухам, дзэм къулыкъу щищIэну ираджэри, иджыри илъэситIкIэ къэтащ, 1947 гъэм къигъэзэжащ Софие къулыкъу щищIауэ. А лъэхъэнэм дзэ корреспондентуи лэжьащ, къищынэмыщIауэ, дахэу сурэт ищIырт. Къигъэзэжа нэужь, еджэну Ленинград кIуауэ щытащ. Ауэ зауэм щыщыIам жэщ-махуэ зыбжанэкIэ зэкIэлъхьэужьу псыпцIэм хэтын хуейуэ къахуихуэри, и жьэжьейм щIыIэ хыхьат. Ар хъужыпатэкъыми, Ленинград и щIыуэпсыр къемызэгъыу, зы илъэс щыIэри къэкIуэжащ.

Мишэ Лэскэн куейм парт IэнатIэ щыпэрытащ, иужькIэ Налшык къэкIуэжри, «Кабардино-Балкарская правда» газетым сурэттехыу щылэжьащ. 1963 гъэм дунейм ехыжащ. ЩIалиплI къыщIэхъуащ.

НэщIэпыджэхэ зэрыгушхуэ

НэщIэпыджэ Атхьэм Яхья и къуэр 1941 гъэм бадзэуэгъуэм и 5-м ираджауэ щытащ фронтым икIи и зауэ гъуэгуанэр Калинин щыIа 44-нэ артиллерие полкым къыщыщIидзащ. Ди сэлэтхэм яхэту мызэ-мытIэу псэзэпылъхьэпIэ ихуащ щIалэр. Ауэ ар зауэлI къэмыланджэт, Европэм и ныкъуэр лъэсу къызэринэкIащ абы, бийр хигъащIэу, ТекIуэныгъэм хуэпабгъэу.

Атхьэм къыхуагъэфэщащ Хэку зауэ орденым и II нагъыщэр, «Оршэ хуит къызэращIыжам папщIэ» медалыр, «Хахуагъэм папщIэ» медалитIыр, «Кёнигсберг къызэращтам папщIэ», «Фашист Германием зэрытекIуам папщIэ» медалхэр, Жуковым и медалыр, «ЦIыхубэ хозяйствэр зэфIэгъэувэжыным жыджэру зэрыхэтам папщIэ», «Лэжьыгъэм щиIэ зэфIэкIым папщIэ», «Лэжьыгъэм и ветеран» медалхэр, нэгъуэщIхэри.

1946 гъэм жэпуэгъуэм и 26-м къигъэзэжащ Атхьэм щалъхуа щIыналъэм. ЛIыгъэрэ хахуагъэрэ къигъэлъагъуэу зауэм хэтами, къызэрысыжу лэжьыгъэм пэрыуващ. Ар япэщIыкIэ трактормэкъумэш бригадэм и учёткыу ягъэуващ. Зауэм и гуащIэгъуэм щхьэмыгъазэу хэта, псэзэпылъхьэпIэ куэд къызэзынэкIа, зэуапIэ губгъуэм зи ныбжьэгъу куэд щыщIэзылъхьэжа Атхьэм хузэфIэкIащ а псор и псэм дигъахуэу, занщIэу лэжьыгъэм зритыжыну. Арыншауи хъунутэкъым - псэууэ къэнахэм ядэIэпыкъун хуейт. Дзэм хэмыхьэ щIыкIэ абы лэжьыгъэм и пIалъэ къызэрищIамрэ езым и дуней тетыкIэмрэ хуабжьу къыхуэсэбэпыжащ а лъэхъэнэм. ЦIыхухэр къызэщIэгъэуIэным, абыхэм гъуазэ яхуэхъуным, ахэр лэжьыгъэ гугъум тегъэгушхуэным ехьэлIауэ абы и зэфIэкIым хуэдэ гъуэтыгъуейт.

ИужькIэ ар Къэхъун сельпом и унафэщIу, бригадиру, совхозым и парт комитетым и секретару, Къэхъун къуажэ Советым и Iэтащхьэу, завхозу, «Къэхъун» совхозым и складым и унафэщIу, «Красный Октябрь» колхозым и къэзыбж-къэзыпщытэ комиссэм и Iэтащхьэу, колхоз жыг хадэм и бригадиру лэжьащ. ЖыпIэнурамэ, зы махуи Iуэхуншэу щысакъым.

Илъэс 60-м нэблагъэкIэ лэжьыгъэм пэрытащ Атхьэм, къулыкъу зэмылIэужьыгъуэхэр иIыгъыу, къуажэдэсхэм пщIэшхуэ къыхуащIу. Хэку зауэшхуэм и ветеран, лIыгъэшхуэ зыхэлъ, акъыл узэщIа зиIэ дадэр 1998 гъэм дунейм ехыжащ.

Хьэзабыр игъэунэхуащ

Нэгуэр Iэуес Исуф и къуэр 1923 гъэм накъыгъэм и 11-м Куба къуажэм къыщалъхуащ. Къулыкъу ищIэн щIидзащ илъэс 18 и ныбжьу. Украинэм щызэуахэм яхэтащ, цIыхуищым зы автомат фIэкIа къащылъымыси къэхъуу. Зауэ зэманым ар яхэхуат бийм къиухъуреихьа ди сэлэтхэм. Гъэру яубыдри, абы и хьэзабри игъэунэхуащ. Хэку зауэшхуэр иуха нэужь, иджыри илъэситIкIэ къулыкъу ищIащ абы. 1947 гъэм унэм къигъэзэжащ. Щхьэгъусэ къишэри, бынипл, абыхэм я быныжу 15 игъуэтащ. Ар колхозым щылэжьащ учетчикыу, бригадиру. «ЛIыхъужьыгъэм папщIэ» орденыр кръатащ. ЕтIуанэу къыхуагъэфэща орденыр илъагъуну хунэсакъым, 2007 гъэм накъыгъэм и 9-м дунейм ехыжащ.

И бынунагъуэр игъуэтыжащ

Улыдж Нахъуэ 1889 гъэм Курп Ищхъэрэ къуажэм къыщалъхуащ. Абы и адэшхуэр къуажэм къыщацIыху Хьэжыти, абы и деж мыдрисэм кIуэурэ щIэныгъэ зригъэгъуэтащ. Ар зыцIыху дэтхэнэ зыми жиIэжырт Нахъуэ диныр и фIэщ хъууэ, цIыхугъэ хэлъу, гъащIэм хуэIущу зэрыщытар. 20 гъэхэм я пэщIэдзэм, ар цIыхугъэ яхуэхъуащ Киров, Орджоникидзе сымэ. Ахэращ коммунист гупсысэм хуэзышахэри.

Къэбэрдеишхуэм япэ дыдэу парт билет зратахэм ящыщащ Улыдж Нахъуэ. Тыншу щытауэ жыпIэ хъунукъым абы и гъащIэр. Зауэм ипэ Курп Ищхъэрэ дэт колхозым и унафэщIу илъэс зыбжанэкIэ лэжьащ. Зауэр ди щIыналъэм къэса иужькIэ, Курп деж зэхэуэ гуащIэхэр щекIуэкIащ, Нахъуэ партизан отрядым хэту щытащ, командирым и къуэдзэу. Абы щыгъуэм и лъакъуэм къытехуа шэм и гъащIэ псокIэ игъэщхьэжэгъуащ ар.

Бын 14 иIащ Улыджым. Абыхэм ящыщу щыр лIат. Нэмыцэр къащытеуам и бынунэр игъэIэпхъуэну хунэсатэкъыми, гъэрыпIэм и хьэзабыр зыхащIащ. Ахэр лъэсу Мэздэгу яхуащ фашистхэм, икIи щIымахуэ щIыIэу жэщмахуэ зыбжанэкIэ жьыр щызэпиху члисэм щIагъэсащ. ИужькIэхьэпшып къызэрырашэкI мафIэгу ирагъэтIысхьэри, Германие лъэныкъуэмкIэ ирагъэунэтIащ. Дзэ Плъыжьыр къапэщIэувэри, мафIэгур Ставрополь деж къыщызэтрагъэувыIауэ щытащ, насып Тхьэм къаритати. Апхуэдэ щIыкIэкIэ Нахъуэ и бынунагъуэр къигъуэтыжащ.

Зауэ нэужьым, къуажэ колхозыр къэIэтыжыным илъэс бжыгъэкIэ телэжьащ ар. Зауэм хиха фэбжьхэм тыншу ягъэлъаэжьэртэкъым, и узыншагъэр екIакIуэ зэпытти, 50 гъэхэм пенсэм кIуащ. Абы къэралым къыбгъэдэкI пенсэ хэха кърату щытащ, куэдрэ сымэджа нэужь, 1966 гъэм дунейм ехыжащ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

ГъукIэхэ я дамыгъэ лъапIэхэр

1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм хэтащ ГъукIэхэ Батэрэ Дисэрэ я щIалитI - Мусарэ Нахъуэрэ. Тэрч областым и Наурзокъуэ къуажэм (Бахъсэн районым хиубыдэ Ислъэмей къуажэрщ) къыщалъхуащ Муса 1902 гъэм, Нахъуэ - 1915-м. Хэку зауэшхуэр къэхъейри, КъБАССР-м, Бахъсэн районым и РВК-м зэкъуэшитIри Дзэ Плъыжьым хигъэхьащ.

1942 гъэм гъатхэпэм и 19-м Мэздэгу щыIэ 26-нэ фочауэ батальоным хагъэхьащ ГъукIэ Муса. Бадзэуэгъуэм щегъэжьауэ ар яхэтащ Кавказыр зыхъумахэм. ГъукIэр зэхэуэ гуащIэм уIэгъэ щыхъури, гъэру яубыдауэ щытащ, дэфтэрхэр щыхьэт зэрытехъуэмкIэ. Шталаг XIII гъэрыпIэм исащ. Дзэ Плъыжьым хэтхэм хуит къащIыжа нэужь, унэм екIуэлIэжащ, «Красная Кабарда» колхозым бжьахъуэу щылэжьащ. 1975 гъэм дыгъэгъазэм и 13-м дунейм ехыжащ, Ислъэмей къуажэм щыщIалъхьэжащ. ГъукIэ Мусарэ ТэIащ Таужанрэ къащIэхъуащ щIалэхэу Мухьэмэд, Ахьмэд, МуIэед, Къэралбий сымэ, япхъу ФатIимэт.

2025 гъэр Хэкум и хъумакIуэхэм я илъэсу екIуэкIащ. «1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм зэрыхэтам папщIэ», «Кавказыр зэрихъумам папщIэ» медалхэр лIыхъужьым и къуэрылъху ГъукIэ Валерэ къыщратыжар нэгъабэщ. УФ-м ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэм апхуэдэ лъэIукIэ зыхуигъэза нэужь.

ГъукIэ Нахъуэ 1942 гъэм мазаем и 19-м Прохладнэм щыIэ 24-нэ фочауэ батальоным хагъэхьащ. 1942 гъэм щэкIуэгъуэм и 1-м 304-нэ фочауэ дивизэм къигъэлъэгъуат ГъукIэр 1942 гъэм и 1-м Сталинград пэгъунэгъу Клетскэ районым хыхьэ Избушенскэ къуажэ цIыкIум хъыбарыншэу щыкIуэдауэ. Ауэ нэгъуэщIу къекIуэкIат абы и Iуэхур. Сталинград деж щекIуэкIа зэхэуэ гуащIэхэм уIэгъэ хьэлъэ щыхъури, гъэру яубыдат щIалэр. Дэфтэрхэм къызэрыхэщыжымкIэ, Нахъуэ Сталинград областым гъэрыпIэ щисащ 1942 гъэм фокIадэм и 28-м щегъэжьауэ щэкIуэгъуэм и 28 пщIондэ.

1943 гъэм гъатхэпэм и 2-м сэлэтыр 252-нэ гъэрыпIэм къикIыжащ, мэлыжьыхьым и 12-м Миллеровэ станицэм къулыкъум щыпищащ. ГъукIэ Нахъуэ ящыщащ Кавказыр хуит къэзыщIыжахэм. 136-нэ фочауэ дивизэм хэту Украинэм щызэуащ. Днепропетровск деж щекIуэкIа зэхэуэ гуащIэм ГъукIэр уIэгъэ хьэлъэ щыхъури, дыгъэгъазэм и 6-м абы илIыкIащ. Санитар батальоным и командир, медицинэ къулыкъум и майор Чхеидзе Д. Г. 1943 гъэм дыгъэгъазэм и 8-м сэлэтым и къуэшым деж письмо хуригъэхьащ «Дзэ Плъыжьым и сэлэт ГъукIэ Нахъуэ Социалистическэ Хэкум папщIэ зэхэуэм хахуагъэрэ лIыгъэрэ щызэрихьэу хэту уIэгъэ хьэлъэ хъури, а уIэгъэм илIыкIащ. Днепропетровскэ областым, Софиевскэ районым и Васильевкэ къуажэм и 2-нэ кхъэм щыщIалъхьащ», - иту.

ГъукIэхэ Мусарэ Нахъуэрэ я хахуагъэм щыхьэт техъуэ дамыгъэ лъапIэхэр я лъэпкъым яIэрыхьэжащ, Хэку зауэшхуэр иухри илъэс 80 дэкIыжауэ.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм и лъэужьхэр иджыри кIуэдакъым. Япэ ита ди нэхъыжьыфIхэм къаIуэтэжа зауэ хъыбархэр щIэх-щIэхыурэ гум къыдредзеиж иджы хуэдэ лъэхъэнэм - ТекIуэныгъэ Иным и махуэшхуэр къыщыблагъэм деж. Абы щыгъуэм цIыхухэр къыддогуашэ а мафIае лъэхъэнэм теухуа гукъэкIыжхэмкIэ, хъыбархэмкIэ. Хэку зауэшхуэм теухуа хъыбар хьэлэмэтщ «Адыгэ псалъэ» газетым и щIэджыкIакIуэхэм ящыщ, егъэджакIуэ Бажэ (АфIэунэ) Аринэ къытхуиIуэтэжыр. И адэ АфIэунэ Хьэжысмел ХьэкIашэ и къуэм (и ахърэтыр нэху ухъу) иджыри школакIуэ ныбжьым иту и нэгу щIэкIа Iуэхугъуэщ Аринэ щыгъуазэ дызыхуищIыр.

Нэпс пщтырхэм гущIэр кърасыкIырт

«ЛIЭЩIЫГЪУЭ блэкIам и тхыдэ къэхъукъащIэ нэхъ ин дыдэхэм халъытэ Хэку зауэшхуэр. Абы и гуауэр, гузэвэгъуэр, бэлыхьыр зылъэмыIэса унагъуэ имысми ярейщ ди къэралышхуэм. МафIаер тщхьэщыкIри псы куэди ежэхыжами, нобэ псэу щIэблэхэми гу лъащIэм щыдохъумэ абы епхауэ нэхъыжьхэм къытхуаIуэтэжа хъыбархэр. Апхуэдэщ си адэ тхьэмыщкIэм, адэншэу къэхъуа сабий мелуанхэм ящыщам, дызыщIигъэдэIуу щытахэр. Ахэр быным дохъумэ, дызэхуэсыжмэ, дигу къэдгъэкIыжу, къытщIэхъуэ щIэблэм яхуэтIуэтэжу. Нобэ къыфхуэсIуэтэжыр ди адэ Хьэжысмел гуимыхуж къыщыхъуауэ щыта зы махуэщ.

«Хэку зауэшхуэм удын хьэлъэ зридза унагъуэхэм ящыщащ дыдейри. Къэралыр бий бзаджэм щихъумэну япэу Iэщэ къэзыщтахэм ящыщащ си адэ АфIэунэ ХьэкIашэ Кушыку и къуэр. Ар унагъуэу тIысагъащIэу зауэм дашат икIи куэд дэмыкIыу хъыбарыншэу абы щыкIуэдат, - къыщIидзэрт ди адэм и хъыбарыр. - «Си адэр зэи слъэгъукъым, Си адэр сцIыхуу щытакъым. Ар хъыбарыншэу сэ зауэм сIихащ...» уэрэдыр сэ схуаусами ярейти... Сэ иджыри ныбэ силъу дэкIащ ар. Си анэм жиIэжу зэрыщытамкIэ, куэд дэмыкIыу унагъуэм дэфтэр къаIэрыхьащ, зауэлI АфIэунэ ХьэкIашэ зауэм зэрыхэкIуэдар иту... Дауи, къуэ къызэрыхуалъхуам и хъыбар лъэпкъи Iэрыхьакъым абы... Сэри, зауэжьым адэншэ ищIа сабий мелуанхэм ящыщ сыхъури, адэншэзеиншэу сыкъэхъуащ...

1955 гъэм и гъатхэт. Накъыгъэ мазэр къытхуэкIуат зыми хуэмыдэ и фащэ дахэр щыгъыу. Абы и хьэуа IэфIыр дэнэкIи щытепщэрт. Апхуэдэу цIыхубэм къащIыщыхъум нэгъуэщI щхьэусыгъуи иIэт: пщэдейр къихьэмэ, ТекIуэныгъэшхуэр ди къэралым къызэрихьрэ илъэсипщI ирикъунут! Си щытыкIэр къызгурыIуэртэкъым: дэрэжэгъуэмрэ гухэхъуэ гуэрымрэ си гур яIэтырт, ауэ апхуэдэ щытыкIэ дыдэм итт къездеджэхэри. Щхьэусыгъуэр, япэрауэ, ТекIуэныгъэм и махуэшхуэр къызэрыблэгъар, етIуанэрауэ, гъэ еджэгъуэр и кIэм зэрынэдгъэсыр арауэ къыщIэкIынт.

Сыщеджа Лэскэн ЕтIуанэ жылэм дэт курыт школым урысыбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэу илъэс зыбжанэ хъуауэ щылажьэрт урыс бзылъхугъэ Лидие Ивановнэ (арауэ си гугъэжщ и цIэр). Гу щабэ, псэ къабзэ зиIэ ди егъэджакIуэр псоми фIыуэ тлъагъурт, зыхуэдгъадэ щымыIэу. УмылъагъункIи Iэмал зимыIэт: щэн екIу, теплъэ дахэ зиIэт, цIыхубз зэпIэзэрытт, щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ егъэджакIуэ нэст ар. Махуэ къэс щIэ гуэр къыдигъэщIэну, ди къэухьым нэхъри зригъэубгъуну, бзэмрэ урыс классикэ литературэмрэ лъагъуныгъэ куу худигъэщIыным псэемыблэжу телажьэрт. Лидие Ивановнэ и дерсхэр хьэлэмэту, купщIафIэу, зэмылIэужьыгъуэ защIэу иухуэрти, абыхэм ущызэшынкIэ Iэмал зимыIэт. Къыдбгъэдилъхьэ дерсхэм я фIыгъуэм дыкъыдэхъут а зэхъуэкIыныгъэ гъэщIэгъуэн мымащIэр псэкIэ зыхэзыщIэ дэ гуп цIыкIур. Дэ тщыщ дэтхэнэ зыми гурэ псэкIэ сабий лъагъуныгъэм и лъагъуэ цIыкIу щыхэтшат Лидие Ивановнэ и гум.

Дерсхэм я зэхуаку дэлъ зыгъэпсэхугъуэ кIэщIымкIэ хъыбар дэзыгъащIэ уэзджынэр къэзууну хунэса къудейуэ арат дызэрызехьэу школым и кIэлындор кIыхьым дыкъыщытехьам. Абы зыкъыщыдгъэлъэгъуа нэужь, классым дыщIыхьэжауэ зэрыхьзэриймабы щыпытщэрт, дунейр ди зэхуэдитIу. ЩIалэ цIыкIухэр куэдкIэ дынэхъыбэт, зэранынри ди жагъуэтэкъыми, хэт хъыджэбз цIыкIухэм я щхьэц ухуэнам къекъурт, зыкърагъэхуэкIын мурадыр яIэу, сатыру екIуэкI партхэм я щхьэм дэпкIеяуэ къыщызыжыхьи къытхэтт, щIыр хуримыкъу хуэдэу, ещанэхэми, зым нэхърэ адрейм нэхъ пелуану зибжыжауэ, IэпщэрыбанэкIэ зэпеуэрт. Сабэу зыкъэзыIэтар дыщеджэ пэшым гъуэз Iуву щIэтт. Дерсым зэрыщIидзэжымкIэ дызыгъэгъуазэу къеуа уэзджынэри сыткIэ зэхэтхынт дэ зэрызехьэ гупым?! КъыкIэлъыкIуэу диIэр урысыбзэт. Дерсри ди егъэджакIуэри тфIэфI дыдэми, усабиймэ, аракъэ-увыIэжыкIэ дымыщIэу дызэрызехьэрт.

Абы ирихьэлIэу «Фызэтесабырэт!» жиIэу хъыджэбз цIыкIухэм ящыщ зым унафэ къытхуищIри, къэтлъэгъуащ Лидие Ивановнэ къыщIыхьэжу и стIолым зэрыпэрытIысхьэжакIэр. Абдеж зэуэ щым хъуащ дыщеджэ пэшыр, уеблэмэ бадзэ лъэтамэ, зэхэпхынт къигъэIу макъыр. Ди къуейщIеягъэм дызыхуишэнкIэ хъуну псалъэмакъым хьэзыр зыхуэтщIат, ауэ щыхъукIэ, Лидие Ивановнэ диущиин мурадкIэ къытхэплъэртэкъым, атIэ и IитIыр и напэ дахэм дрихьеяуэ, и нэхэр къытщигъэпщкIурт.

Мэскъал зытхух дэкIа иужькIэщ къыщыдгурыIуар - ди егъэджакIуэр щэхуу гъыуэ арат. Щэхуу, гу лъыдимыгъэтэну и мураду. АтIэми дэ къыдгурыIуащ абы гухэщI къезыт Iуэхугъуэ гуэр зэрыбгъэдэлъыр. Псори Iэнкун дыхъуат - цIыху балигъ икIи егъэджакIуэу гъыуэ хэт илъэгъуат?

Лидие Ивановнэ и нэпсхэм щхьэусыгъуэ яхуэхъуар къыдгурыIуащэртэкъым, ауэ псори зыхуэтхьыр дызэрызехьэу къызэрыщIэдгъэхьэрати, тщIэнур дымыщIэу дызэфIэтт. Абдежым хъыджэбз цIыкIухэм дыкъыдахыжащ (абыхэм сыт и лъэныкъуэкIи я гулъытэр нэхъыбэкъэ?) АтIэ, ахэр нэ защIэкIэ зэрыщIэри, зэуэ ди егъэджакIуэм бгъэдыхьащ. Ар къаухъуреихьащи, хэт IэплIэ хуещI, хэти йодэхащIэ. Зыгуэрхэри Лидие Ивановнэ йолъэIу ди щIыкIэншагъэр къытхуигъэгъуну икIи псалъэ быдэ ят дяпэкIэ апхуэдэу зэи зыкърамыгъэлъагъуну.

- ЦIыкIухэ! - зэуэ къэтэджащ ди ущиякIуэр, и дарий бэлътоку хужьымкIэ зызэпилъэщIыхьыжурэ. - Си дахэ цIыкIухэ, фэ зыри къуаншагъэ вбгъэдэлъкъым, - макъ щэху къызыфIэнакIэ ерагъыу, къыщиудыну хьэзыру къыдришеящ егъэджакIуэм. - Къысхуэвгъэгъуну сыныволъэIу: зысхуэубыдакъым: си гуауэр къыстекIуащ! КъыздэфлъэгъуаIа си нэпсхэм я щхьэусыгъуэр си дэлъху закъуэр аращ, зауэжьым щIэупщIэншэу сIиха си анэкъилъхурщ! Хъыбарыншэу хэкIуэдахэм ящыщщ ар. Зеиншэ IэнатIэм и дыджагъэр кIуэ пэтми зыхэсщIэу сыхъуащ. ТекIуэныгъэ махуэшхуэр къэблэгъащ - ар пщэдейщ! Си фIэщ хъуркъым зы унагъуи щыIэу зауэжьыр Iэ щIыIэкIэ зыхэмыIэба! Фи дадэхэр, адэхэр, адэ къуэшхэр - куэд Iутащ а IэнатIэ мытыншым. Мамырыгъэр къазэужын папщIэ, ди къэралышхуэми хамэ щIыпIэхэми я зауэ губгъуэ мыухыж зэмылIэужьыгъуэхэм псэ дапщэ хъыбарыншэу къыщына? Дапщэм гъэрыпIэм и къулейсызыгъэр ялъыса? Сыт хуэдиз ныкъуэдыкъуэу къэна? Ар иджыри къамыхута, кIэух зимыIэ бжыгъэщ! Сыхуейт, цIыкIухэ, дэтхэнэ зы зауэлIми зэрихьа лIыгъэр фщымыгъупщэну, мамырыгъэм щIата уасэм и лъапIагъэр фыпсэууху фигу имыхуну!

А махуэм урысыбзэм и дерс диIакъым: егъэджакIуэм и псалъэм иужь, псоми чэзу къыдитурэ, хэт и унагъуэм ящыщ Хэку зауэшхуэм хэтами дытригъэпсэлъыхьащ. Сэри классым щIэсхэм яхуэсIуэтэжащ си адэ тхьэмыщкIэри хъыбарыншэу зауэм зэрыхэкIуэдар, ар зэрызмылъагъуххари щIыгъуу. Псори дызэхуэгъыжри, псалъэ ттауэ щытащ ди адэхэм, дадэхэм, шынэхъыжьхэм - зауэм хэкIуэда ди Iыхьлы псоми я фэеплъыр игъащIэкIи тхъумэну...»

Балигъ хъууэ жьыхуегъэзэкI хъужа нэужьи, а махуэр куэдрэ и нэгу къыщIыхьэжырт ди адэ Хьэжысмел. Абы щыгъупщакъым и егъэджакIуэ щыпкъэм и нэпс пщтырхэр: абы и гуауэ мыухыжым езым и гуауэри къыпыту къыфIэщIу, а нэпсхэм езым игури кърасыкIыу къыщыхъуу. Зэи имылъэгъуа и адэри, и егъэджакIуэм и анэкъилъху IэфIым хуэдэу, зауэжьым хъыбарыншэу IэщIихат абыи...

Ди адэ мыгъуэр псэуху ди адэшхуэм и зы сурэт зыщIыпIи щигъуэтакъым. Ар игу къеуэу и дунейр ихъуэжащ...»

Зыгъэхьэзырар
ЖЫЛАСЭ Маритэщ.

МахуиплI фIэкIа имыIэжу

Мы тхыгъэр зейр, Къумахуэхэ я нысэ, Елмырзайхэ япхъу Фариз, мыпсэужми, тетщ иджыри дунейм ар зыцIыхуу щытахэр, зи гугъу щищIар зигу щIыхьэнухэри. Къэтхьынщ адэкIэ езы тхыгъэр, тIэкIу дгъэкIэщIауэ.

ХЭКУ зауэшхуэр зэриухрэ зэман куэд къызэднэкIами, псалъэкIэ пхуэмыIуэтэнщ а зэманым цIыхухэм ятелъа гузэвэгъуэмрэ гугъуехьымрэ зыхуэдар. 1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа зауэм зэи мыкIуэдыжын лъэужь къигъэнащ.

Гум имыхужынщ зи сабиигъуэу зауэми гъаблэми хиубыдар. Нэмыцэхэр къуажэхэм къыдыхьэрт, лагъымхэр къыттрагъэщащэрт, кхъухьлъатэхэр гъуахъуэу къытщхьэщытт. Ди анэм бынитху дриIэт, ди адэр щыIэт зауэм. ДиIэт адэшхуэ-анэшхуэ, Аслъэнджэрийрэ Дисэрэ, я гъусэу дымыпсэуми. А тIум я унэшхуэм и щIагъыр щIыунэти, хьэблэр абы дызэдист. Аслъэнджэрий къикIукIникIукIыу щIыбым Тхьэ щелъэIуу дэтт, «мы цIыху къомым я псэр къэхъумэ», жиIэу.

Зыми зыри къытщыщIакъым, зы лагъым хадэм къихуэу, щхьэгъубжэхэр хиуда фIэкIа. АрщхьэкIэ, ар зы махуэтэкъым, зыкъомрэ апхуэдэу екIуэкIащ. Ди псэм бэлыхьу телъар тхыгъэкIи псалъэкIи схуэIуэтэнукъым, апхуэдэ гузэвэгъуэм ди щIэблэр щихъумэ.

Нэмыцэхэр дэкIыжащ, гъаблэр-щэ? Ди анэ Мадинэт, зи щхьэгъусэм пэплъэу зи гъащIэр зыхьар, дунейр щыгъаблэм, фызабэ куэщIрэ гугъуехь мыухыжкIэ бынитхур дызыпIар, сыткIэ нэхъ тынша? Зы жэмыжь диIэти, абы къыщIиш гъэшыр Лэскэн псы Iуфэм Iута сымаджэщым ихьт, ярищэрти, абы къыщIэкIамкIэ бэзэрым нартыху литр къыщищэхут, IэщхьэлкIэ зэтриудыжырти, къыщIэкIа пхъашэр хьэнтхъупс ищIырт. Ар зэ шхэгъуэ. Хьэжыгъэ нэхъ щабэр мэжаджэ ищIырти, зэрыбынихым жэщ-махуэм тхуригъэкъурт. Ар ямыгъуэту, удз ягъавэрти яшхырт нэхъыбэм. Тхьэм апхуэдэ зэман гугъухэр зэи ди щIэблэм иримыгъэлъагъужкIэ! ДызэрыжьыщIэн сабын щыIэтэкъым, псым яжьэ хэткIутэурэ абыкIэ дыжьыщIэрт.

КолхозыщIыр унагъуэ жэмхэмкIэ яворт. ЛъакъуэкIэ къапщыурэ, IыхьэIыхьэкIэ ягуэшырти, зратам къатIырт. Дэри ди унагъуэм къытлъыса Iыхьэр зэрытхузэфIэкIкIэ къэттIырт.

Иджы ди щIэблэм сахоплъэри, зэщыхуэпыкIащ. Ди сабиигъуэм (сощIэж) зи лъэгу щIэмытыж къатырым (шырыкъу) и напэр вакъащхьэу, и лъабжьэм былымыфэ гъэгъуа щIадэрти, къыщIрагъэдзам хьэуазэ икудауэ, щIымахуэ жьычым школым дрикIуэрт. ЕджапIэ нэужьым мэзым дынэсырти, пхъэ къэтхьырт, ди дамэхэм телъу, е, къыдэхъулIэмэ, Iэжьэ цIыкIукIэ къатшэрт. Жэщым дымыжейуэ цыхэкI тщIырт.

Зы махуэ гуэрым мэз дыкъикIыжу, къуажэм дыкъыдыхьэжауэ, сигукIэ жысIауэ щытащ мыпхуэдэу: «ЕгъэджакIуэм сыкъилъэгъуамэ, сыт хьунт - пщэдей «2» схуигъэувынтэкъым. Си лъакъуитIри псыфщ, сэри Iейуэ сешащ. Сэ иджы дерсхэр схуэгъэзэщIэжыфыну?». Абы теухуауэ ди анэм куэдрэ жиIэжу щытыгъащ, «сыту Iейуэ си гур бгъэузат».

Уэ дапхуэдэу щIыи, ди сабиигъуэ, ди дахэгъуэр сыт и лъэныкъуэкIи гурыфIыгъуэншэу, тшхыни щыттIэгъэни дымыгъуэту дгъэкIуащ, зауэ гущIэгъуншэм и зэранкIэ. Ди къарур зэрымыубыдами, лэжьыгъэ хьэлъэм зэрытхузэфIэкIкIэ дыпэщIэтащ.

Сэ куэдрэ сигу къокIыж, гукъеуи сщохъуж ди анэшхуэ Дисэ, зи къуищыр (Билан, Мазан, Хьэжбэчыр) зауэм хэкIуэда фызыжьыр, къызэрызгъэпцIауэ щытыгъар.

ПэрыIэбэр иIыгъыу, жьэгу мафIэ ищIыу щытт. Бжэм сежалIэри, «Дисэ, Дисэ, Билан къэсыжащ!» - жысIащ. ПэрыIэбэр хыфидзэри къежьат, ауэ зэрыпцIыр къыщищIэм, зыри жимыIэу игъэзэжащ, икIи къызэшхыдатэкъым. «Ялыхь, къысхуэгъэгъу!» - жысIэурэ, тобэ куэдрэ къызохыж!

Сэри сыхуейт ди адэр къэкIуэжыну, си гъащIэр адэ зиIэм сехъуапсэу схьащ. Къитха и письмохэр сиIэжщ икIи зызохьэ.

Билан щыдэкIым бынхэм IэплIэ къытхуищIыжри къыджиIат: «Сэ си псэр схъумэнкъым, Хэкум сепцIыжынкъым, емыкIу къыфхуэсхьынкъым, фэри фыхъу Хэкум и бын пэж», - жиIэри.

Билан и псалъэр игъэпэжащ. Берлин нып плъыжьыр щыхэзытIахэм яхэтащ, абдежми и псэр щитащ: илъэси 4-кIэ зауэ IэнатIэм пэрытауэ, уIэгъэ щэнейрэ хъуауэ, ди адэр, ТекIуэныгъэ махуэр къэсыным махуиплI фIэкIа имыIэжу, Берлин щекIуэкIа зэхэуэ гуащIэм хэкIуэдащ.

Абы къыхуагъэфэщащ «За боевые заслуги» медалыр, «ЗауэлI хахуэ» щытхъу тхылъыр.

Стхыну сыхожьэри, схуэтхыркъым, жысIэну сыхожьэри, схуэIуатэркъым си гум илъыр. Гууз-лыуз зиIэхэм сакъыгурыIуэнщ. Гугъехь кIыхьыр уи псэм темылъу а зауэм и пэм ухэкIуэдатэмэ, хэкIуэда псоми дралейтэкъым - къэрал лажьэт. Ажалыр Алыхь IэмыркIэ махуи 4-кIэ къыппэплъэжатэмэ, бынхэм укъытхыхьэжынтэкъэ!

Ауэрэ си сабиигъуэри си щIалэгъуэри кIуащ, унагъуэ сихьащ, псэуэгъу схуэхъуам и адэри - Къумахуэ Хъызыр - хэкIуэдат. Щхьэгъусэри схуэдэу гугъу ехьу къэгъуэгурыкIуат. Абы, IэфIу игу къинэжауэ, жиIэжырт мыпхуэдэу: «СылъэIэсыртэкъыми, шэнтым сытету бжыхь схурти, уи адэшхуэ Елмырзей Аслъэнджэрий ипщэкIэ къехщ, къызбгъэдыхьэри, зэрысщIынур сигъэлъагъущ, зыкъомрэ къыздэIэпыкъури, IукIыжат». А зэманым чыкIэ бжыхь яхуу щытащ.

Си щIалэгъуэм гугъу сехьами, унагъуэ тынш сахыхьат, гуащэфI сиIащ, си быныр зыпIар Мамэщ. Дунейм зы гуащэ тетауэ пIэрэ гуащэцIэр си Мамэ хуэдэу дахэу зезыхьа. Езым бын 11 иIати, 8-р дунейм ехыжат сабийхэу. И щхьэгъусэр зауэм щхьэщичами, къыхуэна бынищыр зыхуей хуигъэзащ, гугъу ехьуи псэуащ.

Куэдым я псэр щатащ а зауэ угъурсызым. Къумахуэхэ ящыщу цIыху 18 хэкIуэдащ. Абыхэм яхэтщ си тхьэмадэ Къумахуэ Хъызыри абы и къуэш Тыгъуэни. ЗэуапIэ губгъуэм къинащ ахэр, я лъахэм пшапэIудз зыхуащIри.

СымыусакIуэми, мамыр махуэшхуэм (ТекIуэныгъэм и махуэращ жыхуиIэр) усэ тыгъэ хуэсщIат, радиокIи къатауэ щытащ. «Ди адэм и деж» - арат абы фIэсщар. Къэсхьынщ абы щыщ пычыгъуэ.

Ди адэм деж

МащIэу сощIэжыр ди адэр щыдэкIар,
Зауэшхуэм гущIэгъуншэу тщхьэщичар.
КъэкIыжыр сигу и псалъэ IэфIхэрщ,
«Фариз...» - къызоджэ
(нэкъыфIэщIхэрщ)...

«Ди адэ» жаIэу зэхэсхамэ,
ХъуэпсапIэу сиIэр къигъэхьейт.
Хъыбар мыщхьэпэ зэхэтхамэ,
Бынитхури ди анэм зэдигъейт.

ХьэщхьэрыIуэм и гъуэм ихьахэм
Ди адэ Билани яхэтащ.
Берлин нып плъыжь щызезыхьахэм
Ящыщти, и лъи щигъэжащ.

Зауэ кIэухым фынэсауэ,
Рейхстаг гъуэгужьым уэ хэбгъэщIт.
ТIэуней биишэм укъелауэ,
Ещанэм дауэ ухигъэщIт?

Ди адэ, уи уэсятыр тщыгъупщакъым:
Псэр щIэпта Хэкури дигу ихуакъым,
Ди анэ жиIи дебэкъуакъым,
Уи цIэр IейкIи дэ дгъэIуакъым.

ГъащIэ гъуэгуанэу зэпысчам,
Гукъеуэ ину сигу икIакъым,
Адэ Iэ щабэу схуэныкъуар,
Зауэжь, уэ зэи пхуэзгъэгъуакъым.

Тедзэным хуэзыгъэхьэзырар
КЪУМАХУЭ Аслъэнщ.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

Иныжьыр узыфэщ



ЦIыхухэм лъагагъкIэ къахэщхьэхукIхэм щхьэкIэ «иныжь» е «цIыкIужьей» жаIэ. Дэ тщIэркъым Iуэрыуатэм къыхэщыж иныжьхэмрэ цIыху цIыкIухэмрэ медицинэм къитIэщIа узыфэм зыгуэркIэ къепхами, ауэ нобэкIэ «иныжь узымрэ» (гигантизм) «цIыкIужьеймрэ» (нанизм) къэхутэныгъэ щхьэхуэу медицинэм хэтщ.

ЛЪХУГЪЭМКIЭ, цIыхур зэрыхэхъуэмкIэ, Iэпкълъэпкъыр зэрылажьэмкIэ жэуап зыхьыр гипофиз жыхуаIэу, щхьэ куцIым пкърылъ пкъыгъуэрщ. Мис а гипофизыр егъэлеяуэ лажьэмэ, иныжь узыр къызэщIоушэ, тэмэму мылажьэмэ, цIыхур цIыкIуу къонэ. ЦIыхухъур сантиметр 210-м, цIыхубзыр сантиметри 195-м нэхърэ нэхъ лъагэмэ, балигъыпIэ иуварэ сантиметри 147-м нэхърэ нэхъ лъахъшэмэ, апхуэдэхэр сымаджэу къалъытэ дохутырхэм. Гигантизмэм цIыхур зэрылъагэм нэхъ дагъуэ къримытми, гипофизым и гуащIэгъуэр къызэтумыгъэувыIэмэ, акромегалием хуокIуэж. Ар нэхъ шынагъуэщ, сыту жыпIэмэ, цIыхум и щхьэр, и Iэхэр, и лъакъуэхэр нэхъ иныж мэхъу, сымаджэр «къуабэбжьабэ» ещI.

Иныжь узым къыщыщIидзэр ныбжьыщIэр балигъыпIэ щиувэм дежщ. Ар зэфыкIхэр зэ IуплъэгъуэкIэ шынагъуэми, абыхэм я узыншагъэр щIагъуэкъым, къаруушхуи яхэлъкъым, уеблэмэ гупсысэкIэкIэ я ныбжьым къыкIэрыхуу, гъащIэмащIэу, лъхуэн-пIэн гукъыдэж ямыIэу апхуэдэщ. ЩыIэщ гигантизмэр Iэпкълъэпкъ псоми зэхуэдэу къыщемыфыкI. Псалъэм папщIэ, е и Iэ, е и лъакъуэ, е и щхьэ ин хъууэ, мыдрей пкъыгъуэхэм щылъэмыIэс.

Мы узыфэ шынагъуэр нэхъыбэу зэуалIэр и къупщхьэхэр зэрымыубыдауэ къалъху сабийхэращ. ЗэрыжытIащи, абы зыкъыуегъащIэ илъэси 9 - 13-хэм къыщыщIэдзауэ икIи и хьэхъуэныр къызэтемыувыIауэ дунейм ехыж щыIэщ. КъыхэгъэщыпхъэщкъызэрыгуэкI адэ-анэхэм апхуэдэ бын къащIэхъуэнкIэ зэрыхъунур, икIи баскетболым хэт спортсмен лъагэхэр иныжьхэм яхэбгъэгъуащэ зэрымыхъунур.

Дауэ хъуами, гипофизыр тэмэму щымылажьэм деж цIыхум и щхьэр узырейщ, и лъэр щIоху, я нэпкъыр, жьэгъур нэхъ ин, щхьэфэр Iув, макъыр лъахъшэ, тхьэкIумэшхуэ, пэшхуэ, щыгъупщэх мэхъу, и нэм и жанагъым кIэроху, и теплъэм зехъуэж, и дзапэфIанэ зэхуакур зэкIэщIокIуэт, лъакъуэр хохъуэ. Абы къыдэкIуэу сымаджэм и лъхуадэхэм, жьэжьейтесхэм, кIэщIу жыпIэмэ, гормон къызыпкърыкI пкъыгъуэхэм я лэжьыгъэ-ри къызэтоувыIэ, псы хуолIэрей, и къупщхьэлъапщхьэр къоуз, и лъэр хузэблэхыркъым.

Псэущхьэхэм (дзыгъуэм, хьэм) ятещIыхьауэ иргъэкIуэкIа къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, гипофизыр къибгъэжмэ, хэхъуэныр къызэтоувыIэ. Хэмыхъуэхэм а гормоныр мастэкIэ хэплъхьэмэ, зэуэ зиужьын щIадзэри, къыпхуэзэтемыгъэувыIэжу иныIуэ мэхъу. Абы и закъуэкъым, илъэс зыбжанэкIэ хущхъуэ зылъыса IэпкълъэпкъыР абы йосэжри, сэбэп хуэмыхъужу къонэ.

Гормонхэм къищынэмыщIауэ, цIыхум и лъагагъыр елъытащ зыхэпсэукI щIыуэпсым и къабзагъыми.

Дунейм цIыху нэхъ лъагэ дыдэу тетауэ тхыдэм ицIыхур Першинг Уодлоу Робертщ. Абы и гипофизым хищIа шыкъырым и зэранкIэ сымаджэт, иныжь уз къефыкIырт икIи сантиметр 272-рэ и лъагагът, килограмми 199-рэ хъурт. Нэхъ цIыкIу дыдэу Гиннессым и тхылъым ихуар Ираным щыщ Гадерзаде Афшинщ. Ар илъэс 22-рэ щыхъум сантиметр 64,7-рэ и лъагагъыу арат. Афшин зэрыжиIэмкIэ, и цIэ-унэцIэр итхыжу иджы дыдэщ зыщригъэсар, курыт еджапIэм къащтэххакъым. АкъылкIэ и ныбжьым фIыуэ къыкIэрыхуми, Гадерзадер мэхъуапсэ машинэ кърихуэкIыу зригъэсэну, дохутыру еджэну. А псори зэлъытэжар Iэбжьанэ ныкъуэ хуэдиз хъу пкъыгъуэрщ!

Япэ цIыхубз щIэныгъэрылажьэ

Ди лъэхъэнэм и 4-5-нэ лIэщIыгъуэхэм я зэпылъыпIэм, чыристан диныр алыдж-урым мажусий диным щытекIуам, Урым пащтыхьыгъуэр щызэпкърыхужым ирихьэлIэу псэуащ Гипатие жыхуаIэ цIыхубз телъыджэр (370 - 415 гъэхэм). Ар математикэм, астрономием, философием хэлэжьыхьауэ щытащ, математикэм и профессор Александрийскэ Теон ипхъут.

ГИПАТИЕ и теплъэкIи, и дуней тетыкIэкIи, и хьэлкIи цIыхубз дахэу, гурыхьу щытащ. Уеблэмэ, тхьэIухудт.

Гипатие и адэр Александрийскэ библиотекэм щылажьэрт, щыпсэурти, и пхъур, тхылъ бжыгъэншэхэм къахъуреихьу къэтэджат. Теон и пхъум сыт и лъэныкъуэкIи зэрызиужьыным хэту, щIэныгъэу иIэр Гипатие бгъэдилъхьащ. Япэ дищыу къыхэдгъэщынщи, Гипатие александрийскэ щIэныгъэлIхэм я яужь дыдэу къыщIэкIащ... Абыи тхыдэ щхьэхуэ иIэщ.

Дунейм, хьэршым я зэхэлъыкIэр къыгурыIуэну хуейуэ, ар и лэжьыгъэ нэхъыщхьэу цIыхубзым иукъуэдият. И зэманри, къарури, гъащIэри щIэныгъэм щхьэузыхь хуищIыну и мурадти, Гипатие зэи дэкIуакъым, лъхуакъым, еджэныгъэм я гур хуэкъабзэу гъэсэн куэд иIэти, ахэр иригъаджэу псэуащ.

Гипатие илъэс 20 хъууэ арат мусейоным егъэджакIуэу къыщащтам! Мыгувэу, щIэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ пщащэ Iущыцэр неоплатонизмэм и философиемрэ математикэмкIэ иригъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэмкIэ дуней псом цIэрыIуэ щыхъуащ. Гипатие и цIэр Европэмрэ Азиемрэ щызэхахати, цIыхубз телъыджэм деж зыщагъэсэну хъуапсэу студент бжыгъэншэхэр къыхуэкIуэрт.

Ауэрэ, ЩIым зыщызыубгъуа чыристан диныр Мысырым нэсащ. ЗэрытщIэщи, диныр цIыхухэм IэщэкIэ кърагъащтэу арат. Езы Гипатие зэрыщIэныгъэрылажьэм къыхэкIыу фIэщхъуныгъэр къащтэфакъым, зытекIуэдэжари аращ. Гипатие итха тхылъхэри яхэту, Александрийскэ библиотекэм щIэлъа тхыгъэ бжыгъэншэхэм мафIэ щIадзэри, чыристан диным и лэжьакIуэхэм ягъэсауэ щытащ. Язынукъуэ щIэныгъэлIхэм, тхыдэджхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, Гипатие и гъэсэн гуэрым итхьэлэжауэ аращ, диным и лэжьакIуэхэм псэууэ яIэрыхьэмэ лIэкIей къыхуагупсысынути. Ауэ, закъуэтIакъуэми жаIэ, цIыхубзыр диным итхьэкъуа, Кирилл Александрийскэм игъэIуща гупым яIэрыхьэу, «мажусий щIэныгъэлIыр» гущIэгъуншэу яукIауэ. Гипатие и хъыбархэр нобэм къэсынутэкъым, абы и хъыбар и гъэсакIуэхэм, тхыдэджхэм ямытхыжатэмэ.

Гипатие цIыху гуапэу, щабэу, Iущу щытауэ жаIэжырт абы и гъэсэнхэм. Уеблэмэ, Александрийскэ библиотекэм мафIэ щIадзауэ щисым, щIэныгъэлIхэр зэбгрыжырт, загъэпщкIуу. Ауэ Гипатие и щхьэ къыфIэмыIуэхужу, тхылъхэр мафIэм къыхихыну библиотекэм щIэлъэдат.

Гипатие хьэршым и зэхэлъыкIэр джыным телажьэу щытащ, икIи, зэрыхуагъэфащэмкIэ, ЩIым и орбитэр хъурей мыхъуу, хъурей хэшауэ зэрыщытыр япэу къэзыхутар аращ, ауэ а къэхутэныгъэр хэIущIыIу ищIыну хунэмысауэ аращ. Гипатие щаукIам илъэс 45-рэ хъууэ арат.

Дыгъэр КъухьэпIэмкIэ къыщыкъуэкIмэ...

Дуней къутэжыгъуэр зэгуэр къызэрысынум и хъыбар зэхуэмыдэхэр яIуатэ. Тхылъ лъапIэхэми, пасэрей тхыдэжьхэми, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм я IуэрыIуатэхэми къахощыж ар зэгуэр къэхъуауэ зэрыщытар. Ар иджыри дунейм къызэрыпэщылъым и щыхьэт нэхъыщхьэ дыдэу зыкъэзыгъэлъэгъуэнухэм ящыщщ Дыгъэр КъухьэпIэмкIэ къызэрыщыкъуэкIынур.

СЫТ-ТIЭ, щIэныгъэм къитIэщIар а жыIэгъуэм теухуауэ? Дауэ Дыгъэр КъухьэпIэмкIэ къызэрыщыкъуэкIыфынур? Сыт абы кърикIуэнур?

ЦIыхухэм гу лъатащ «зэманым улъэщIэмыхьэу зэрылъатэм». Псом хуэмыдэжу иужьрей илъэсхэм. Пэжу, илъэсыр зэрикIар къыбгурымыIуэу, сабийхэр щыхэхъуар къыпхуэмыщIэу макIуэ гъащIэр.

ЩIэныгъэлIхэм къызэрахутамкIэ, цIыхум и лъынтхуэр, и гур къызэреуэм хуэдэу, ЩIыми и купщIэр зы секундым кърибыдэу 7 - 8 «къоуэ». Ауэ, 1980 гъэ лъандэрэ абы и къеуэкIэр нэхъ псынщIэ хъуащ икIи 12-м нэсащ. Языныкъуэ къэхутакIуэхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, а бжыгъэр 13-м нэсынущ, нэхъри зэманыр щIигъэхуабжьэу. 13 ирикъуа нэужь, ЩIыр мыкIэрэхъуэжу зэуэ къызэтеувыIэнущ! Апхуэдэу, зимыгъэхъейуэ, махуищкIэ щыта нэужь, ЩIым адрей лъэныкъуэмкIэ екIэрэхъуэкIын щIидзэнущ, Дыгъэр КъухьэпIэмкIэ къыщыкъуэкIыу.

Абдеж щегъэжьауэ дунейм къыпхуэмыцIыхужу зихъуэжын щIидзэнущ... Экваторым деж къыщубжмэ, зы сыхьэтым километр 1670-рэ зэпичу мэкIэрахъуэ ЩIыр. Зэгуэр ар къызэтеувыIэрэ, адрей лъэныкъуэмкIэ екIэрэхъуэкIын щIидзэмэ, жыышхуэ къыкъуэунущ, абы дунейпсо хыр ирихужьэнурэ толъкъун абрагъуэхэм тафэр ялъэсынущ. АдэкIэ ЩIым и нэкIур къызэщIэгъэнущ, щхъуантIагъэм щIигъанэу.

Дунейм жьыр, псыр, хуабэр зэрытегуэшамкIэ «жэуап зыхьыр» Атлантикэ хыращ нобэкIэ. Дыгъэр КъухьэпIэмкIэ къыщыкъуэкI хъуатэмэ, а къалэныр зыгъэзэщIэнур хы ЩэхуIарат. ИкIи абы щыгъуэм Африкэмрэ Евразиемрэ къуму итыр Бразилием ихьынут, щIыналъэ фIыцIэри къызэщIэгъэгъэнут. АдэкIэ Калифорние Ипщэм и жьэражьэр Флоридэ и уэтIпсытIымкIэ ихъуэжынут, Гольфстрим псы кIуэкIэм адрей лъэныкъуэмкIэ игъэзэнурэ, Атлантикэ Ищхъэрэр нэхъ щIыIэж, Амазонкэмрэ США-мрэ къум щIыналъэ ищIынущ. ЩIым къэкIыгъэр зэрыщыбэгъуэнум и фIыщIэкIэ, кислородри нэхъыбэ хъунущ, ар зэбэкI псэущхьэхэмрэ цIыхухэмрэ куэдкIэ нэхъ лъагэ хъунущ. Урысейм и гугъу пщIымэ, абы куэдкIэ нэхъ хуабэ щыхъуну жаIэ.

Мы псоми щэху нэхъыщхьэу хэлъыр зыщ - апхуэдиз дунейкъутэж къыщекIуэкIыну ЩIым цIыхур къелыну, къелам и псэукIэр хуззтеухуэжыну?

Университетыр къыхызох

Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и бжэхэр махуитIкIэ яхуэзIуихащ школыр мы гъэм къэзыух ныбжьыщIэхэм.

КЛАСС нэхъыжьхэм щIэсхэр еджапIэ нэхъыщхьэм и институт псоми щыIащ, Медицинэ академием кIуащ, егъэджакIуэхэр зрагъэцIыхуащ, университетым и программэхэм теухуауэ куэд зрагъэщIащ.

Абы къыкIэлъыкIуэу университетым зыщаплъыхьащ курыт IэщIагъэ щрагъэгъуэт программэхэмкIэ абы и колледжхэм щеджэну зи мурад егъуанэ классым щIэсхэм.

Профориентацэ лэжьыгъэмкIэ къудамэм и унафэщI Тхьэзэплъ ФатIимэ къызэрыхигъэщамкIэ, мыгувэу абитуриент хъунухэм университетым и студентхэр зэрыпсэур, я щIэныгъэми, Iэзагъми, къэухьми зэрызиужьыр я нэкIэ ялъагъун папщIэ къызэрагъэпэщащ Iуэхур. Гукъыдэж зыщIахэр апхуэдизкIэ куэдти, ныбжьыщIэхэм папщIэ иджыри зы махуэ дыщIагъуащ.

«Бжэ зэIухахэм я махуэхэм» кърихьэлIа школакIуэхэм я бжыгъэр мы гъэм зэрынэхъыбэр къыхагъэщащ къызэгъэпэщакIуэхэм. МахуитIым къриубыдэу университетым щыIащ 9-нэ, 11-нэ классхэм щеджэ цIыху 1600-м нэблагъэ.

- КъБКъУ-м абитуриент хъунухэм яхуигъэлъэгъуэн иIэщ. Университетыр IэщIагъэ нэхъыщхьэмрэ курытымрэ ныбжьыщIэхэм ябгъэдилъхьэн папщIэ зыхуеинухэмкIэ къызэгъэпэщащ. Хэхауэ къыхэгъэщыпхъэщ университетым щIэныгъэ центр лъэщ зэриIэр, студентхэм къэхутэныгъэ Iуэхухэр иргъэкIуэкIыну, технологиещIэхэм елэжьыну Iэмал гъуэзэджэ зэрыратыр.

ЕджапIэ нэхъыщхьэм щызэтраухуащ студентхэм сыт и лъэныкъуэкIи заужьын папщIэ Iэмалхэр - академическэ егъэджэныгъэм къыщыщIэдзауэ жылагъуэм щыжыджэру гъэсэным нэс. ЩIэныгъэ гупжьейхэр, спорт секцэхэр, творческэ зэгухьэныгъэхэр хэтщ абы. Нэхъыщхьэращи, КъБКъУ-р къэзыухахэм лэжьыгъэ и лъэныкъуэкIэ щIэупщIэ яIэщ икIи я зэфIэкIыр IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм ехулIэныгъэхэр яIэу къыщагъэлъагъуэ», - къыхигъэщащ Тхьэзэплъ ФатIимэ.

Абы зэрыжиIэмкIэ, класс нэхъыжьхэм щIэсхэм псом хуэмыдэу ягу ирохь медицинэм, стоматологием, юриспруденцэм епха унэтIыныгъэхэр. Апхуэдэу педагогикэ, инженер-техникэ IэщIагъэхэм, ухуэныгъэм, архитектурэм, IT-м, туризмэм хуащI гулъытэм хохъуэ.

ШколакIуэхэр хуабжьу яфIэгъэщIэгъуэну кIэлъыплъащ университетым щекIуэкI гъащIэм, егъэджакIуэхэмрэ студентхэмрэ упщIэхэр иратащ, еджэным и мызакъуэу, дэзыхьэх Iуэхугъуэхэри зэрыщагъуэтынум зэрыщыгуфIыкIыр нэрылъагъуу.

Нарткъалэ дэт лицей №1-м и 9-нэ классыр мы гъэм къэзыух КIэш Нурсанэ зэкIэ игу дыхьэр дизайнер IэщIагъэрщ, ауэ филолог хъуну мураду зыхуигъэувыжащ.

«Ебгъуанэ классым сыкъыщIэкIыну щытамэ, КъБКъУ-м ДизайнымкIэ и колледжым сыщIэтIысхьэнут, шэч хэмылъу, ауэ 11-нэр къэзухыу Социальнэ-гуманитар институтым сыщеджэну мурад сщIащ. Апхуэдэ гупсысэхэр сиIэти, ДизайнымкIэ колледжри зэзгъэлъэгъуащ, студентхэр зыхурагъасэхэмрэ зыхурагъаджэхэмрэ гурыIуэгъуафIэ дыдэу къыджаIащ, дагъэлъэгъуащ. СГИ-ми сыщыIащ. Университетыр егъэлеяуэ ин гуэру къысщыхъурти, ди школыщIэм езгъэщхьэщ. Абы и институтхэмрэ колледжхэмрэ унэ щхьэхуэ-щхьэхуэу Налшык зэрыдэтыр иджы къэсщIауэ аращ.

Къапщтэмэ, студент гъащIэм уехъуэпсэн хуэдэу, егъэджэныгъэр зэрыщекIуэкIым удихьэхын хуэдэу ухуащ КъБКъУ-р, школым фIыуэ ущеджэмэ, ужыджэрмэ, университетым Iэмалу къуимыт щыIэкъым, лъэныкъуэ куэдкIэ зыщыбужьыфынущ. Лицейр къэзухмэ, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетращ сыщеджэнур, абы тезухуащ», - къыджиIащ Нурсанэ.

А лицейм и еджакIуэ Балъкъэр Динарэ жиIащ стоматолог хъуну зэрыщIэхъуэпсыр. «Экзаменхэм щIэгъэхуэбжьауэ зыхузогъэхьэзыр, химиемрэ биологиер нэхъ хэкъузауэ содж. ФIыщIэ яхузощI КъБКъУ-м дыкъакIуэу, псори ди нэкIэ зэдгъэлъагъуну Iэмал къытхузэзыгъэпэщахэм. Мыр хуабжьу сэбэп къытхуэхъунущ дызыхуэпабгъэ лъагъуэм дытеувэнымкIэ», - къыддэгуэшащ Динарэ.

Налшык дэт школ №9-м къикIа Куляш Дарье психолог хъуну и мурадщ. ЕГЭ-р ехъулIэныгъэкIэ итын папщIэ дерс гуэдзэхэм макIуэ, балл лъагэхэр къихьынри и хъуэпсапIэщ. «Курыт школым щIэныгъэ хъарзынэ щызэзгъэгъуэтащи, КъБКъУ-м сыщIэтIысхьэфыну сыщогугъ», - жиIащ Дарье.

Абы и ныбжьэгъу Урысмамбэт ФатIимэ и гъащIэр медицинэм ирипхыну и мурадщ, абыи экзаменхэм жыджэру зыхуегъэхьэзыр.

«ХирургыфI сыхъуну сыхуейщ, ар зэзгъэхулIэн папщIэ схузэфIэкI къэзгъэнэнукъым», - жеIэ ФатIимэ.

«Бжэ зэIухахэм я махуэхэр» школакIуэхэм сэбэп яхуохъу КъБКъУ-м къызэригъэпэщ Iэмалхэр зыхуэдэр абитуриентхэм нэхъыфIу къащIэнымкIэ, ныбжьыщIэхэм егъэджакIуэхэр зрагъэцIыхунымкIэ, университетым и иджырей лэжьэкIэр ялъагъунымкIэ, студент гъащIэм и зэхэлъыкIэр зыхащIэнымкIэ.

Тхыгъэри сурэтри **ШЭРIУЖЬ Даянэ** *ейщ.*

Урысей Федерацэм и Суд нэхъыщхьэм къызэритымкIэ, киберщIэпхъаджащIэхэм къагупсысащ бзаджагъэщIэ - иджы абыхэм уи цIэкIэ банкым ахъшэ къыхах, Iуэхум зыри хыумыщIыкIыххэу.

«Бэджыхъым» иубыдахэр

УПЩIЭ къоув: уи цIэкIэ зыгуэрым ахъшэ къыхихын папщIэ уи тхылъхэм хуейкъэ? Дэнэ кърахрэ ахэр? КъызэрыгуэкI Iуэхугъуэщ - зэгуэр фи паспорт, СНИЛС, къинэмыщI тхылъхэм я сурэт е абыхэм тет бжыгъэхэр интернетым ифлъхьамэ, сайт мыцIыхухэм фихьэн папщIэ ахэр ифтхамэ, бзаджащIэхэм яIэрыхьагъэххэу убж хъунущ. ЗэрыжаIэмкIэ, щIэпхъаджащIэхэм сайт нэпцIхэр къызэрагъэпэщ, хьэпшыпыфIхэр пуду ящэу, машинэ ягъэджэгуу жаIэурэ цIыхухэр къыдахьэх. А сайтхэм урагъэхьэн папщIэ, уи тхылъым къыщIоупщIэ. ЖыIэзыфIэщхэм, нэпсейхэм хьэрэмагъ ягу къэмыкIыу, псори утыку кърадъхьэри, щIыхуэ къатехуауэ нэху къокI.

Хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэр зэпымычу топсэлъыхь мы Iуэхум. НыбжьыщIэхэм, щIалэгъуалэм, балигъхэм папщIэ зэIущIэ зэхуэмыдэхэр иргъэкIуэкIыурэ, йопсалъэ, хъыбарегъащIэ Iэмалхэр къагъэсэбэпурэ, телевиденэмкIи радиомкIи къат, газетхэм къытрырагъадзэ, тхылъ щхьэхуэхэр къыдагъэкIыурэ ягуэш киберщIэпхъаджагъэм зэрызиубгъуар цIыхухэм я деж нахьэсын папщIэ. Арами, зэрыжаIэщи, зы тхьэкIумэмкIэ йохьэри, адреймкIэ йокIыж...

Сыт-тIэ, щIэн хуейр, дэгунэфу фыкъыщIэкIрэ, зыкъевгъэгъэпцIамэ?!

Ерыщу фыкъыщIэкIмэ, Iуэхур судым нэвгъэсыфынущ, ахъшэ щIыхуэр фэ къызэрывмыщтар къыщIэвгъэщыфынущ. Фи Iуэхур куэдкIэ фщигъэпсынщIэнущ щIыхуэр онлайну къыхахауэ къыщIэкIмэ.

Псалъэм папщIэ, 2026 гъэм и щIышылэ мазэм Новосибирск щыщ цIыхухъу гуэрым судым къикIа тхыгъэ къыIэрыхьащ, банкым къыхиха щIыхуэр хабзэм тету зэрырагъэпшынынумкIэ хъыбар кърагъащIэу. Iуэхур зэхигъэкIыну иужь иува нэужьщ къыщищIар 2025 гъэм гъатхэпэ мазэм абы и цIэкIэ бзаджащIэхэм ахъшэ къызэращтар. Ахъшэ къезыта IуэхущIапIэри дзыхьщIыгъуэджэу, и цIэри мыцIыхуу къыщIэкIащ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, а IуэхущIапIэр цIыхухъум къыхуэгъуэтакъым, телефонкIи я лъэужь техьэфакъым. Iуэхур судым щызэхигъэкIын хуей щыхъум, наIуэ къэхъуащ ахъшэр онлайну къызэрыхахар, къагъэпцIари куэд зэрыхъур.

Уэчылхэм зэрыжаIэмкIэ, мыпхуэдэ щIэпхъаджагъэхэр кIуэ пэтми нэхъыбэ мэхъу. МФО IуэхущIапIэхэм ахъшэ щIыхуэ ятри, ар зи цIэкIэ къащтауэ Iуэхум зыри хэзымыщIыкI цIыхухэм я щIыхуэр коллекторхэм иращэж. Суд нэхъыщхьэм цIыхухэм чэнджэщ ярет я тхылъхэр интернетым ирамылъхьэну, онлайн-банк яIэмэ, «щIыхуэ» къудамэм щIэх-щIэхыу ипльэну.

«Махуэкум» и къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар **ФЫРЭ Анфисэщ**.

Дунейм щыхъыбархэр

ЛъэныкъуитIым дежкIи

УФ-м и Президент Путин Владимир жиIащ Урысеймрэ Европэмрэ я зэхущытыкIэхэр ефIэкIуэжынымкIэ гугъэ зэриIэр.

«ЕВРОПЭМРЭ ди къэралымрэ пщIэ дяку дэлъу, зэпыщIэныгъэфIхэр зэхудиIэу дыкъекIуэкIащ. Сыщогугъ я Iуэху еплъыкIэр щыуагъэу зэрыщытар къагурыIуэжу, къапщтэмэ, иджыпстуи яхэтщ абы зезыгъэхъуэжхэр, икIэм-икIэжым абы щыщ къэрал куэдым яхудиIа зэхущытыкIэхэр зэфIэдгъэувэжыну», - жиIащ Путин Владимир журналистхэм щаIущIам.

Апхуэдэу Урысейм и Президентым къыхигъэщащ а Iуэхур нэхъ псынщIэу къэхъумэ, УрысеймкIи Европэм хыхьэ къэралхэмкIи куэдкIэ зэрынэхъыфIыр.

Лъабжьэ быдэ иIэщ

УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Новак Александр «Ведомости» газетым ирита интервьюм къыщигъэлъэгъуащ къэралым и экономикэм нобэ иIэ щытыкIэр.

АБЫ и псалъэмакъым къызэрыхэщамкIэ, иужьрей илъэсищым къэралым къыщалэжь продукцэм процентиуэ 10-м щIигъукIэ хэхъуащ, абы ипкъ иткIи дуней псом экономикэ нэхъ лъэщ дыдэу къыщалъытэхэм я деж Урысейм 4-нэ увыпIэр щиIыгъщ. 2023 - 2025 гъэхэм жылагъуэм къаIэрыхьэ хэхъуэр процент 26,1-кIэ нэхъыбэ хъуащ. Вице-премьерым жиIащ ар иужьрей илъэс 20-м къриубыдэу къэхъуа нэхъ зыужьыныгъэшхуэу.

Урысейм и Правительствэм къыпэщытщ бюджетым и хэхъуэмрэ ар зытригъэкIуадэмрэ зэхуэгъэкIуауэ иубзыхуныр. Нэхъыщхьэр мылъкур къэралым къыпэщыт къалэн нэхъыщхьэхэр зэфIэхыным, фейдэ къызыпэкIуэну унэтIыныгъэхэм хуэунэтIыныращ.

«Урысей экономикэм лъабжьэ быдэ иIэщ. Ар хуэхьэзырщ къэрал щIыбымкIэ къикI дэкъузэныгъэхэм, гугъуехьхэми япэщIэтыфынущ икIи зиужьыфынущ, цIыхухэми зэIузэпщ псэукIэ къахузэригъэпэщыфынущ», - жиIащ Новак Александр.

Накъыгъэм и 14,
махуэку

♦**1937 гъэм** къалъхуащ экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, УФ-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэу щыта **Тау Пщыкъан**.

♦**1945 гъэм** къалъхуащ къэрал къулыкъущIэ, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, Абхъаз Республикэм и япэ президенту щыта **Ардзинбэ Владислав**.

♦**1950 гъэм** къалъхуащ композитор, макъамэдж **Блай Тамарэ**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 21 - 22-рэ, жэщым градус 12 - 14 щыхъунущ.

Накъыгъэм и 15,
мэрем

♦**Унагъуэм и дунейпсо махуэщ**

♦**Климатым и дунейпсо махуэщ**

♦**1942 гъэм** 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр лъэпкъ шу дивизэр зауэм кIуащ.

♦**1914 гъэм** къалъхуащ режиссёр, УФ-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Адыгэ Республикэм и цIыхубэ артист **Iэхъуэджакlуэ Мэжид**.

♦**1919 гъэм** къалъхуащ драматург, КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Акъсырэ Залымхъан**.

♦**1921 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ, драматург, КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Дудар Хьэутий**.

♦**1933 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ артист, режиссёр **ШэрыIужь Анатолэ**.

♦**1935 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ, журналист, «Адыгэ псалъэ» газетым и къудамэм и унафэщIу илъэс куэдкIэ лэжьа **Къамбий Зуфар**.

♦**1942 гъэм** къалъхуащ техникэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, РАЕН-ми ЩIДАА-ми я академик, РАН-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым и тхьэмадэ **Иуан Пётр**.

♦**1947 гъэм** къалъхуащ УФ-ми, Кубанми, КъБР-ми щIыхь зиIэ я артист, Адыгэ Республикэм и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща, Зэныбжьэгъугъэм и орденыр зрата **Зыхьэ Заурбий**.

♦**1962 гъэм** къалъхуащ физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **ДыщэкI Артур**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 19 - 20, жэщым градус 12 - 13 щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкIэм балли 5-кIэ зихъуэжынущ.

Къытхэхъуащ

Къэбэрдей-Балъкъэрым дыгъуасэ къыщалъхуащ сабий 16. Абыхэм ящыщу 7-р хъыджэбз цIыкIущ, 9-р щIалэщ. Накъыгъэм зэрыщIидзэрэ щIыналъэм дунейм къыщытехьащ сабий 263-рэ, илъэсым и пэщIэдзэм щегъэжьауэ 3266-рэ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ**.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Зы цIыхум жылэм фэ трегъэуэф.

● Фэеплъ

Къытхуэнащ и гуащIэр

УсакIуэ, зэдзэкIакIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ, щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Елгъэр Кашиф Мысост и къуэм и фэеплъ пхъэбгъу ар щыпсэуа, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрамым тет 42-нэ унэм и деж къыщызэIуахащ. ЗэIущIэм зыкърагъэхьэлIат къэрал унафэщIхэм, Кашиф и лэжьэгъуу, ныбжьэгъуу щытахэм, и благъэ-Iыхьлыхэм. Ар езыгъэкIуэкIа Аттаев Азнор къызэхуэсахэр кIэщIу щигъэгъуэзащ Кашиф и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ икIи пэкIур къызэIуихыну япэ псалъэр иритащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин.

- ЛИТЕРАТУРЭМ и зы лэжьакIуэм и фэеплъыр догъэлъапIэ нобэ, зы унэм и блыным тыдотхэ абы и цIэр. Ар IэмалыфIщ блэкI ныбжьыщIэхэр къызэтеувыIэу абы еджэнымкIэ, хэтми къащIэну, и Iэдакъэ къыщIэкIахэр яджыну хуеинымкIэ, - жиIащ министрым. - ХъыбарегъащIэ IэмалхэмрэдИн, жылагъуэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ министру сыщыщыта лъэхъэнэм сэ Кашиф сыIущIащ. Ар сигу къызэринар цIыху щэхуущ, цIыхуфIущ, IэщIагъэлI гумызагъэущ. Апхуэдэу ди гъащIэм къыхэнар мащIэ дыдэщ жысIэмэ, арэзы фыкъыздэхъуну си гугъэщ. Зэи и мыIуэху зэрихуэртэкъым, щэху цIыкIуу и Iуэху ищIэжырт, лажьэрт - аращ апхуэдиз Iэдакъэщ1экI дунейм къытринэну щIыхуэзэфIэкIар. И цIэр Къэбэрдей-Балъкъэрми Урысей Федерацэми я литературэхэм я тхыдэм къыхинащи, и тхылъхэр ди дапхъэхэм телъыху тщыгъупщэнукъым, и IэдакъэщIэкIхэр псэуху езыри псэунущ.

Тхылъ тедзапIэм и унафэщI, тхакIуэ, тхыдэдж Котляров Виктор жиIэн и гъунэжт Кашиф теухуауэ. И тхылъ куэдхэм ящыщу плIыр (етхуанэри куэд мыщIэу дунейм къытехьэнущ, ехани къыкIэлъыкIуэнущ) я уней тхылъ тедзапIэм къызэрыщыдэкIар къэплъытэмэ, тхакIуэм и лэжьыгъэм ар мыIейуэ зэрыщыгъуазэр гурыIуэгъуэщ.

- И щIыхуэ ттелъ къудейкъым дэ Елгъэрым, къилэжьа гулъытэм и зы дзакIи зэрыхуэдмыщIыфар сэ щхьэтечауэ схужыIэнущ. Зи цIэр щIэх-щIэхыурэ зэхэтхыу щыта тхакIуэхэм нэхърэ нэхъ мыхьэнэншэкъым (щынэхъыфIри къыпхухэгъэщынущ) Кашиф и IэдакъэщIэкIхэр. Тхэныр адрей Iуэху псоми нэхърэ нэхъапэу къэзылъытэу щыта цIыху зэпIэзэрытти аращ ар утыкум щIимытыщар. Феплъыт абы и тхылъхэм я фIэщыгъэхэм: «Дыгъэр къыщыщIэкIым», «ЩIэдзапIэ», «Сабиигъуэм и дыгъэ», «Мэз бгъуэщIым», «Пщэдджыжь хьэщIэ», «Лъэужьхэр», «Лъагъуныгъэм и бзэ». ГъащIэм и зы Iыхьи гулъытэншэу къызэримыгъэнам и щыхьэткъэ ахэр?! И зэдзэкIыгъэ лэжьыгъэхэм гулъытэ щхьэхуэ къалэжь, псом хуэмыдэжу КъурIэн лъапIэр адыгэбзэм къызэрырригъэзэгъам.

- Горький Максим и цIэр зезыхьэ Литературэ институтым дыщыщIэтIысхьэм щыгъуэ, ди гъусэу щытт сымыцIыху лIы. «Фи Iуэху вдэсIыгъыну сыкъэкIуащ, сы-Елгъэр Кашифщ», - жиIащ абы. ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм къыбгъэдэкIыу нэкIуауэ арати, ди экзамену хъуам щыIащ, дэтхэнэри дытригъэгушхуэу, къэдухыхуи и нэIэ къыттригъэкIакъым. СыкъэкIуэжауэ сылажьэу, художественнэ тхыгъэхэр зэздзэкIыу сыхуэза иужь, къызиIуэкIырт и IэдакъэщIэкI сызэремылэжьыр. Си насып къэрихьэкIащ «Си псэм пэсщIу си лъэпкъ мащIэ» романыр. Абы еджам жиIэфынущ Елгъэр Кашиф теухуа псоми, къыщалъхуам къыщыщIэдзауэ и гъащIэм зэрыщыту, зэрыщыгъуазэр. И гъащIэм теухуами, ар мемуар тхыгъэкъым, атIэ художественнэ литературэ нэгъэсащ, - жиIащ Урысейм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и тхьэмадэм и къуэдзэ Мэремкъул Ларисэ.

Адэкiэ къэпсэлъащ «Минги Тау» журналым и редактор нэхъыщхьэ Дадуев Аскэр. Абы къыхигъэщащ сыткIи Кашиф и чэнджэщэгъуу зэрыщытар, къуэшкIэ зэджэж зэныбжьэгъуфIхэу къызэрызэдэгъуэгурыкIуар. «Нобэ къытхэмытыж цIыхум хужыпIэфыну нэхъ псалъэ хэIэтыкIа дыдэу сэ къэслъытэр хузогъэфащэ Кашиф - ар ЦIыхуу щытащ», - жиIащ Аскэр.

«Литературная Кабардино-Балкария» журналым жэуап зыхь и секретарь, усакIуэ Хьэту Пётр игу къигъэкIыжащ Кашиф гушыIэр и щIасэу зэрыщытар. Езыри къыбдэгушыIэнут, гушыIи къыгурыIуэрт. Гугъуехьу гъащIэм щишэчам гу быдэ хуэмыщIауэ, гу къабзэрэ псэ хьэлэлу къызэтена цIыху дахэт Кашиф. «Дунейм зэрехыжрэ и Iэрытх къыщIэнауэ и бынхэм къыдагъэкI тхылъ зытхухым нэмыщI, Кашиф тхылъ плIыщI и къалэмыпэм къыщIэкIащ. Ахэр зыхуэщхьэпэн, зыджын, зылъытэн дыхъуну си гуапэщ», - жиIащ Пётр.

Кашиф и къуэ нэхъыщIэ Елгъэр Залым я адэм и цIэр тхыдэм къыхэнэн папщIэ, абы и фэеплъ пхъэбгъу Налшык и уэрамым щыфIэдзэным и унафэр къэзыщтахэм, ар зыгъэзэщIахэм, зэIущIэм зыкърезыгъэхьэлIа псоми фIыщIэ яхуищIащ. И къуэ нэхъыжь Аскэррэ Къумахуэ Мухьэдинрэ фэеплъ пхъэбгъум тепхъуа щэкI хужьыр къытрахри, удз гъэгъа абы и лъабжьэм щIагъэуващ. Кашиф зыщIыхуу щытахэр къэгумэщIарэ я нэпсыр къафIекIуауэ, апхуэдэуи гушхуауэ зэбгрыкIыжахэщ.

ИСТЭПАН Залинэ.

Сурэтхэр **Къэрей Элинэ** *трихащ.*

УафэхъуэпскIыу яхыхьащ Имран

Блыщхьэ кIуам Новгород Ищхъэрэ щекIуэкIа Урысейм футболымкIэ и премьер-лигэм и зи чэзу зэIущIэм Москва и ЦСКА-р хэгъэрейхэм я «Пари НН»-м 0:1-уэ къыщыхигъащIэрт икIи хьэщIэхэм абы зрагъэхъуэжыну зы Iэмали яIэтэкъым. Апхуэдэу щыхъум, джэгум и 59-нэ дакъикъэм, губгъуэм кърагъэхьащ Фырэ Имран икIи мэзкуудэсхэм текIуэныгъэр къахуихьащ.

ФЫРЭ Имран и ныбжьыр илъэс пщыкIуий ирикъуа къудейуэ аращ, ауэ зыкъом щIауэ дыкIэлъоплъ. Щхьэусыгъуэр ар ди щIыпIэм, Къэхъун къуажэм, къызэрыщалъхуарщ икIи япэ лъэбакъуэхэр ди деж зэрыщичарщ. Топджэгумкiэ зэфIэкI зэраIэр зылъэгъуа и адэ-анэм Имран Iэмал псори къыхузэрагъэпэщащ икIи езыхэри Москва Iэпхъуащ я къуэм и Iуэху нэхъ дэкIын папщIэ. ЦСКА-м и академие цIэрыIуэм адэкIэ зыщигъэсащ икIи 2008 гъэм къалъхуахэм ирагъэкIуэкIа зэпеуэм къалащхьэм и кубокыр абы дигъэкIа топым и фIыгъэкIэ зыхэт гупым къихьащ.

Мыгувэу Фырэ Имран ирагъэблэгъащ Урысей Федерацэм и ныбжьыщIэ командэ къыхэхам икIи зэIущIэ 12-м хэтри я хьэрхуэрэгъухэм топиплI щахудигъэкIащ. Апхуэдэ щIэдзэкIэ зиIэ щIалэм къэкIуэну дахэ зэриIэм гу лъатэри, ЦСКА-м и балигъ гупым мы гъэм и пэщIэдзэм хагъэхьащ. Япэу официальнэ зэIущIэм кърагъэхьащ накъыгъэм и 6-м. Абы щыгъуэм Москва и «Спартак»-м Урысейм и кубокым щыIущIат, къылъысари дакъикъитI къудейт.

Махуитху дэкIри, блыщхьэ кIуам, Имран и вагъуэр Iупщ1 дыдэу урысей футболым къыщылыдащ. ЦСКА-м ар къызэрыхагъэхьэу гупыр къызэщIиIэтащ икIи 88-нэ дакъикъэм бжыгъэр зэхуэдэ ящIыжащ, Фырэм Iэзэу къарита топыр къагъэсэбэпри. Зы тэлай нэхъ дэмыкIыу езы адыгэ щIалэри къыхэжаныкIащ. абы хузэфIэкIащ ЦСКА-р тезыгъэкIуа топыр дигъэкIыну!

ЗэIущIэр зэрекIуэкIым тепсэлъыхь комментаторри, иуха нэужь утыку къихьа футболист, тренер цIэрыIуэхэми яхуэухыртэкъым Фырэ Имран къызыкъуиха телыджагъэр - апхуэдэу щIалэу джэгур зэзыгъэдзэнкIа иджыри къэс щыIакъым: топ дригъэхуащ икIи езыри къыхэжаныкIащ! Уеблэмэ, «Пари НН» - ЦСКА зэIущIэм и футболист нэхъыфIу къалъыта Тороп Владислав телекамерэхэр къыщхьэщыту жиIащ а саугъэт лъапIэр зыхуэфащэр Фырэ Имрану зэрыщытыр. АбыкIэ арэзыщ къыдэджэгухэри IэщIагъэлIхэри.

Иджыпсту топджэгум тепсэлъыхьхэм я жьэм жьэдэкIыркъым Фырэ Имран. Дохъуэхъу адэкIи и ехъулIэныгъэхэм къыпищэурэ дэрэжэгъуэ къыдитыну. Дыхуейт абы къыпищэну а командэ дыдэм хэта, зи чэнджэщкIэ ЦСКА-м хыхьа и къуажэгъу Къуэшы Амир и зэфIэкIхэм. Фигу къэдгъэкIыжынщи, а щIалэм 2006 гъэм Люксембургым щекIуэкIа Европэм и ныбжьыщIэ чемпионатым и дыщэ медалыр къихьащ, Урыей Федерацэм и командэ къыхэхам щыджэгуу.

КЪЭХЪУН Бэч.

Дипломат ныбжьыщIэхэр ягъэхьэзыр

ООН-м къызэригъэпэщ «Мамырыгъэм и жьэгу» джэгукIэм трашIыкIауэ Кавказ Ищхъэрэм щрагъэкIуэкI зэхыхьэр иджыблагъэ ди республикэм щызэхашащ. Мыбы студентхэмрэ школакIуэхэмрэ Iэмал щагъуэт дипломатхэм я къалэн ягъэзащIэу дунейпсо политикэм ехьэлIа Iуэху зэIумыбзхэр щызэпкърахыну, къэрал зэмылIэужьыгъуэхэм я Iуэху еплъыкIэхэр къыщагъэлъэгъуэну. Проектым и мурад нэхъыщхьэр Кавказым ис щIалэгъуалэм папщIэ дунейпсо утыку къызэгъэпэщынырщ, джэгу щIыкIэм тету зэпэщIэувэныгъэхэр мамыру, псалъэкIэ зэфIахыфу, къэралым и дипломат хъуну хуейхэм зыщагъэсэну.

КъБКъУ-м и проректор ГъукIэпщокъуэ Мурат зэрыжиIамкIэ, иджырей дунейр зэхъуэкIыныгъэхэм я лъэхъэнэщ. Зауэ нэужь лъэхъэнэм щынэхъыщхьэу ягъэуву щыта пщIэ зэхуэщIынымрэ хабзэ щхьэхуэхэмрэ хуэмхуэмурэ мэкIуэдыж, иджы къэралхэм я сэбэп зыхэлъхэр пхагъэкIыну, нэгъуэщIхэм я деж я лъэр щагъэувыну хэтщ. Апхуэдэ бгъэдыхьэкIэр Урысейм къищтэркъым, ар лъапIэныгъэхэм хуэпэжщ, дэтхэнэ къэралми и суверенитетым пщIэ хуэщIыным и телъхьэщ, абы и инагъымрэ экономикэ зэфIэкIымрэ емылъытауэ.

- ИкъукIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ Урысейм дунейпсо утыкум жыджэру щихъумэ къэралыгъуэ зыбжанэм я тепщэныгъэм и мыхьэнэр щIэблэм я деж деж нэхьэсыным, - жиIащ ГъукIэпщокъуэм. - «Мамырыгъэм и жьэгу» джэгукIэм ныбжьыщIэхэм Iэмал гъуэзэджэ къывет политикэм и дунейм фыхыхьэну, лъэныкъуэ псоми я сэбэп зыхэлъ хэкIыпIэ тэмэмхэр къэвгъуэтыну, зэпсэлъэныгъэ купщIафIэм фыхэтыну.

«Мамырыгъэм и жьэгу» джэгукIэм и Кавказ Ищхъэрэ лIэужьыгъуэм жэрдэмщIакIуэ хуэхъуащ икIи екIуу утыку кърихьащ Налшык къалэ дэт гимназие №4-м и унафэщI Нэгъуей Риммэ. Абы и фIыгъэкIэ школым къыщызэрагъэпэща, цIыхубэ дипломатием хуэIэижьхэр щызэхуэс гупжьейр щIалэгъуалэм я дипломатие зэфIэкIым зегъэужьынымкIэ щIыналъэ утыку ин хъуащ.

Нэгъуей Риммэ жиIащ, дэтхэнэ джэгугъуэри абы къыхыхьэхэм я дипломатие зэфIэкIым хэгъэхъуэнымкIэ уасэншэу зэрыщытыр, дипломат IэщIагъэр къыхамыхми, къазэрыхуэщхьэпэнур.

«Проектыр дызэрыщыгугъа дыдэу къыщIэкIащ, - жиIащ Нэгъуейм. - ДжэгукIэ къызэрыгуэкI цIыкIу гуэр къызэдгъэпэщауэ арами, лIыкIуэхэм дипломат фащэхэр ящыгъыу, ООН-м и комитетхэм я лэжьакIуэхэм ещхьу Iуэху гугъухэм топсэлъыхь. Ар джэгущ, ауэ абы щIалэгъуалэм Iэмал къарет ди къэралым иригъэкIуэкI политикэр нэхъыфIу икIи нэхъ тыншу къагурыIуэну, дипломатие зэфIэкI инхэр зрагъэгъуэтыну. Дэ дыхуэхьэзыру щытын хуейщ цIыхубэм я пащхьэ къит Iуэхугъуэ инхэр зэфIэхыным».

Кавказ Ищхъэрэ джэгум 2026 гъэм хохьэ иджырей зэманым къигъэув гугъуехь нэхъыщхьэхэр: иджырей хъыбарегъащIэ утыкухэм къэралхэм жэуаплыныгъэ яхэлъу итын зэрыхуейр, щIыналъэхэр экологие зэхъуэкIыныгъэхэм, экономикэ «щхъуантIэм» зэрыхуэкIуапхъэр, къулейсызыгъэмрэ социальнэ зэхуэмыдэныгъэмрэ гъэкIуэдыныр, егъэджэныгъэмрэ медицинэмрэ псоми я зэхуэдэу къызэгъэпэщыныр.

Программэм хэтащ къэпсэлъэныгъэхэр, зэныкъуэкъухэм я зэпсэлъэкIэмкIэ мастер-классхэр, дипломатие протоколымрэ хабзэмкIэ тренингхэр, апхуэдэуи къызэхуэсахэр дунейпсо зэхущытыкIэхэмкIэ эксперт пажэхэм яIущIащ.

Налшык къалэ дэт 4-нэ гимназием и 11-нэ классым щеджэ Нэгъуей Тамерлан дипломат хъуну зэримурадымкIэ къыддэгуэшащ икIи къыхигъэщащ апхуэдэ зэIущIэхэм зэрыхэтым къэралым и политикэмрэ дунейпсо повесткэмрэ нэхъ кууэ къыгурыIуэну Iэмал къызэрыритыр.

- Мы джэгум ухэтыныр сэбэп мэхъу цIыхубэ дипломатием хэпщIыкIхэм зебгъэужьынымкIэ, - жеIэ Тамерлан. - УпщIэхэм тэмэму, пэжу жэуап ептыфу, дунейм къыщыхъу-къыщыщIэхэр зэпкърыпхыфу, унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэр бубзыхуфу зыбогъасэ. Дипломатыр сыт щыгъуи Iуэхум щыгъуазэу щытын хуейщ.

Мы Iуэхум КъБКъУ-м хамэ къэралхэм щыщ и студентхэр зэрыхэтым мыхьэнэ нэхъыбэ кърет. Университетым Дунейпсо егъэджэныгъэмкIэ и еджапIэ нэхъыщхьэм и унафэщI Журт Iэсият къыхигъэщхьэхукIащ ООН-м къиIэт Iуэхугъуэхэм щэнхабзэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыщ щIалэгъуалэр тепсэлъыхьыныр зэрымылейр.

- ЩытыкIэ гугъухэр къызэнэкIа зэрыхъуну Iэмалхэр къэрал 40-м къикIа, менталитет, щэнхабзэ зэмылIэужьыгъуэхэр зезыхьэ студентхэм я гъусэу къызэрыфлъыхъуэм, фи акъыл зэрызэхэфлъхьэм мыхьэнэшхуэ иIэщ, - захуигъэзащ абы щIалэгъуалэм. - Мыр джэгум щхьэщыкIри, лэжьыгъэ Iуэху къызэрымыкIуэ хъуащ. НэгъуэщI къэралхэм я лIыкIуэхэм фызэрепсалъэм Iэмал къывет щэнхабзэ зэпыщIэныгъэхэр вгъэкIуэтэну, нэгъуэщIым и Iуэху еплъыкIэр зэхэфхыфу, пщIэ хуэфщIу зевгъэсэну. Иджырей дунейм ахэр уасэ зимыIэ хьэлщ. Стратегие гупсысэкIэм зыхуэвгъасэ, ар тхылъым къибджыкIынукъым. Ауэ мыпхуэдэ Iуэхухэм къыхэпхыфынущ.

Комитет къэс и лэжьыгъэм кърикIуахэр зэхалъхьэжынурэ, утыку кърахьа Iуэхум и хэкIыпIэр, зэфIэхыкIэр яубзыхунущ, унафэ тращIыхьынущ.

Мы проектыр щхьэпэ хъунущ Кавказым ис щIалэгъуалэм джэгу щIыкIэм тету зэпэщIэувэныгъэхэр мамыру, псалъэкIэ зэфIахыфу зрагъэсэнымкIэ, къэралым и дипломат хъунухэр ягъэхьэзырынымкIэ.

ДАРИЙ Дахэнур.

МэлхьэпIатIэхэм защыфхъумэ!

Гъатхэмрэ хуабэмрэ къадэушыр удзхэм я закъуэкъым, атIэ мэлхьэпIатIэхэри кърашажьэ. А хьэпIацIэр цIыкIуми, цIыхумкIи псэущхьэхэмкIи икъукIэ шынагъуэщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ узыфэ зэрыцIалэ куэд кърахьэкI. Абы къыпхуихьынкIэ хъуну узыфэ шынагъуэхэм ящыщщ цIыхум и псантхуэр (нервыр) зэтезыкъутэ мэлхьэпIатIэ (клещевой) энцефалитыр, геморрагическэ техьэгъуэр, боррелиозыр, нэгъуэщIхэри.

МЭЛХЬЭПIАТIЭР къодзэкъа нэужь псом нэхърэ нэхъыфIыр занщIэу дохутырым укIуэнырщ, ауэ апхуэдэ Iэмал щыщымыIи къохъу. Абы къыхэкIыу мыхьэнэшхуэ иIэщ ар къодзэкъа иужь пщIэн хуейм ущыгъуэзэным. ЗэрыхъукIэ нэхъ псынщIэу мэлхьэпIатIэр IэпкълъэпкъЫм къызэрыхэпчыжыным ухущIэкъун хуейщ, уз зэрыцIалэр къезыхьэкI вирусхэр лъым нэмыс щIыкIэ.

МэлхьэпIатIэр пинцеткIэ къыхэпчыжыну тыншщ. Ар усакъыурэ пинцетымкIэ къыбощтэ, къытепIэтыкIыурэ къыбогъэкIэрэхъуэкI, и лъакъуи, и щхьи къызэрыхэмынэным уелIалIэурэ. Къапщтэмэ, зэ-тIэу фIэкIа къомыгъэкIэрэхъуэкIауэ, мэлхьэпIатIэр зэрыщыту IэпкълъэпкъЫм къыхыбохыжыф. Ауэ ар зэуэ къыхэпчыну укъеIэмэ, шынагъуэ щыIэщ хэпIыIыхьынкIэ. Пинцет умыгъуэтмэ, Iуданэри къэбгъэсэбэп хъунущ. И бжьакъуэм нэхъ и гъунэгъуу Iуданэр щызэрыбодзэри, къытепIэтыкIыурэ къыхыбохыж.

Ар IэпкълъэпкъЫм къыщыхэпхыжкIэ икъукIэ ухуэсакъын хуейщ, уи щIыфэм хыупIытIыхь хъунукъым. Абы и Iупсым хэлъу цIыхум и лъым хихьэ инфекцэм узыфэ шынагъуэ куэд къигъэхъеинкIэ хъунущ. МэлхьэпIатIэр зэрыщыту къыхэпчыжами, абы иужькIэ Iэмал имыIэу дохутырым зыхуэбгъэзэн хуейщ.

Дауэ мэлхьэпIатIэм зырызыщыпхъумэнур?

- Хадэм фыщыхьэкIэ, мэзым фыщыкIуэкIэ фи Iэпкълъэпкъыр псори щIэзыхъумэ щыгъын нэхутхьэхукIэ зыфхуапэмэ нэхъыфIщ - мэлхьэпIатIэр щыгъын хужьым занщIэу къытещынущ;

- Пыlэ щхьэрыфтIагъэ е IэлъэщI зытефлъхьэ, абы щыгъуэми фи щхьэцыр псори абы щIевгъэубыдэ;

- Удзым фыщемытIысэх икIи зыщывмыгъэукIурий, абы щыгъуэм мэлхьэпIатIэр щыгъын лъабжьэм кIуэнкIэ шынагъуэ щыIэщи;

- МэлхьэпIатIэр Iузыгъэщт хьэпшыпхэр къэвгъэсэбэп;

- ЩIэх-щIэхыуэ фи щыгъынхэр зэпэфплъыхь;

- Унагъуэ псэущхьэхэм мэлхьэпIатIэр унэм кърахьэнкIэ шынагъуэ щыIэщи, абыхэм я къабзагъэм фыкIэлъыплъ.

Фызыхуэсакъыжмэ, фэри фи Iыхьлыхэри мэлхьэпIатIэм къишэну шынагъуэ псоми зыщыфхъумэфынущ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.

● Футбол

Ику иту топитхум щIегъу

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и мыгъэрей зэхьэзэхуэм икъукIэ щыжыджэрщ гъуащхьауэхэр. Ику иту зэIущIэ къэс иужь джэгугъуэми абыхэм топитхум щIигъу щыдагъэкIащ.

НЭХЪЫБЭ дыдэрэ къыхэжаныкIар зэпеуэм бжыпэр щызыIыгъ «Тэрчыращ». Иужьу абы жэуапыншэу топи 8 худигъэкIащ Аргудан къикIа «Бедик»-м.

Лъэрызехьэщ Налшык и «Спартак-Д»-м щыджэгухэри. Ар зыхащIэну тхьэмахуэ кIуам къалъыкъуэкIащ республикэм и нэгъабэрей чемпион Альтуд и «Искра»-м и футболистхэм.

«Малка»-м и хьэрхуэрэгъухэм яхудигъэкIа топхэм и ныкъуэм нэблагъэр (9-р) къылъос я гъуащхьауэ Умар Азэмэт. Яныкъуейм къикIахэм щаIущIа иужь зэIущIэм ар щэнейрэ къыщыхэжаныкIащ икIи гъуащхьауэхэм я зэпеуэм бжьыпэр щиубыдащ.

Азэмэт зымащIэкIэ къыкIэроху Ислъэмей щыIэу щIыпIэ командэм «Логоваз»-р щытезыгъэкIуа Мокаев Таулан. Аращ зыкъомкIэ зи фIыгъэр бабугентдэсхэр мыгъэрей зэхьэзэхуэм щыпашэхэм ящыщ зыуэ иджыпсту зэрыщытыр.

Дауи, зи Iуэхур нэхъыкIэхэр мащIэ дыдэрэ зи гъуащхьауэхэр къыхэжаныкI «Черкес»-мрэ «Бедик»-мрэщ. Абы щыгъуэми къыхудагъэкIыр зэIущIэ къэс мащIэкъым.

БлэкIа джэгугъуэм нэхъ гуащIэ дыдэу щызэпэщIэтар Щхьэлыкъуэрэ Псыкуэдрэ я командэхэращ. Ахэр топ тхурытхукIэ зэхуэжащ икIи зэрытемыгъэкIуауэ зэбгъэдэкIыжащ. Ар щхьэлыкъуэдэсхэм я япэ хэхъуэщ. ХьэлэмэтрацIи, нэхъапэм зыхэта джэгугъуитхум псори зэхэту я хьэрхуэрэгъухэм абыхэм щыхудагъэкIари апхуэдиз топт.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ 2026 гъэм и гъэмахуэ зэхьэзэхуэм и зи чэзу зэIущIэхэм къарикIуа бжыгъэхэм адэкIэ щыгъуазэ фыхуэтщIынщ. Мис ахэр: **«Малка»** (Малкэ) - **«Яникой-1961»** (Яныкъуей) - **5:0**, **«Черкес»** (Шэджэм) - **«Урыху»** (Урыху) - **1:2**, **«Тэрч»** (Тэрч) - **«Бедик»** (Аргудан) - **8:0**, **«7 Вершин-Шалушка»** (Щхьэлыкъуэ) - **«Псыкуэд-Марвил»** (Псыкуэд) - **5:5**, **«Ислъэмей»** (Ислъэмей) - **«Логоваз»** (Бабугент) - **1:2**, **«Спартак-Д»** (Налшык) - **«Искра»** (Альтуд) - **3:0**.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр щекIуэкIынур тхьэмахуитI дэкIмэщ. А махуэхэм зэхуэзэн хуейщ: накъыгъэм и 23-м - «Урыху» - «Тэрч»; накъыгъэм и 24-м - «Искра» – «Малка», «Логоваз» - «Спартак-Д», «Псыкуэд-Марвил» - «Ислъэмей», «Бедик» - «7 Вершин-Шалушка», Яникой-1961» - «Черкес» «командэхэр.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм 2026 гъэм гъэмахуэ зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	**«Тэрч»**	**5**	**5**	**0**	**0**	**23-4**	**15**
2.	**«Логоваз»**	**6**	**5**	**0**	**1**	**18-9**	**15**
3.	**«Спартак-Д»**	**5**	**4**	**0**	**1**	**21-5**	**12**
4.	«Малка»	5	4	0	1	20-6	12
5.	«Урыху»	6	4	0	2	19-12	12
6.	«Яникой-1961»	5	2	1	2	10-17	7
7.	«Ислъэмей»	5	2	1	2	10-6	7
8.	«Псыкуэд-Марвил»	6	2	1	3	14-25	7
9.	«Искра»	5	2	0	3	13-11	6
10.	«Бедик»	6	1	0	5	8-26	3
11.	**«7 Вершин-Шалушка»**	**6**	**0**	**1**	**5**	**10-27**	**1**
12.	**«Черкес»**	**6**	**0**	**0**	**6**	**7-25**	**0**

Наркотикым щахъумэ

КъБР-м щыIэ МВД-м къыщапщытэжащ «Ажалыр щащэр къыджеIэ» наркотикым пэщIэт урысейпсо акцэм и япэ Iыхьэм кърикIуахэр. Ар екIуэкIащ полицэм и лэжьакIуэхэр, къулыкъущIапIэхэмрэ ведомствэхэмрэ, жылагъуэ IуэхущIапIэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIалэгъуалэ волонтер зэщIэхъеныгъэхэм я лIыкIуэхэр хэту.

ГУЛЪЫТЭ хэха хуащIащ еджапIэхэм. КъБР-м ЕгъэджэныгъэмрэщIэныгъэмкIэ и министерствэм къызэритымкIэ, республикэм и школхэмрэ еджапIэ нэхъыщхьэхэмрэ щрагъэкIуэкIащ наркоманием ехьэлIа Iуэху 2950-м щIигъу. Абыхэм хэтащ школакIуэрэ студенту мин 65-м щIигъу, апхуэдэуи адэ-анэ мини 3-м нэблагъэ.

Iуэхур щекIуэкIым Интернетым къыщагъуэтащ наркотикхэр хабзэншагъэкIэ игъэкIыным ехьэлIа хъыбархэр щызэбграгъэх сайт 19. Ахэр Роскомнадзорым иратащ зэхуащIын папщIэ, иджыпстукIэ абыхэм уихьэ хъуркъым.

Хабзэхъумэхэм къапщытащ балигъ мыхъуахэм я IуэхухэмкIэ IэнатIэхэм я учетым щыт унагъуэхэр. Къызэхакlуха унагъуэ 315-м щыщу 13-м къыщыщIагъэщащ балигъ мыхъуахэм наркотикхэкIхэр щызрахьэлIэу. Зи къалэныр тэмэму зымыгъэзащIэ адэ-анэхэм ятеухуа административнэ протокол 54-рэ зэхагъэуващ. КъинэмыщIауэ, хабзэншагъэ 21-рэ къыщIагъэщащ, балигъхэм наркотикхэкIхэр зэрызрахьэлIам пыщIауэ.

ИрагъэкIуэкIащ оперативно-профилактикэ рейд 29-рэ. А Iуэхухэм къызэщIаубыдащ щIалэгъуалэр куэду щызэхуэс щIыпIэхэу, сату, аптекэ, еджапIэ 436-рэ. Ахэр хуэгъэпсат наркотикхэр игъэкIыным пыщIа щIэпхъаджагъэхэмрэ хабзэншагъэхэмрэ къахутэу къызэпыудыным, я сабийхэр гъэсэным зыпыIуздз е пхъашэу яхущыт адэ-анэхэр къыщIэгъэщыным. Къапщытащ общежитхэмрэ абыхэм къегъэщIылIа щIыпIэхэмрэ, псалъэмакъхэр драгъэкIуэкIащ администрацэхэм я лэжьакIуэхэм, гъэсакIуэхэмрэ студентхэмрэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ МВД-м, нэгъуэщI IэнатIэхэм Iуэхур щрагъэкIуэкIым къаIэрыхьащ хабзэм ебакъуэу наркотикхэкIхэр зэрырагъэкIым теухуа хъыбар 83-рэ.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Жьэкlэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.266
Заказыр №977
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкI Соня**, *корректорхэу* **ПхытIыкI Марие** *(1, 3-нэ нап.)*, **Нэужьокъуэ Заирэ** *(2, 4-нэ нап.)*.
КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Дол Маринэ, Ныр Саидэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.